ОЗБЕКСТАН ССР ИЛИМЛЕР АКАДЕМИЯСЫНЫНГ
ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ФИЛИАЛЫ

ТАРИХ, ТИЛ ҲАМЬ АДЕБИЯТ ИНСТИТУТЫ

*Кунхожа Ибрайым улы*

# ҚОСЫҚЛАР

Баспаға таярлаған Бабаш ИСМАИЛОВ

ҚАРАҚАЛПАҚ МАМЛЕКЕТ БАСПАСЫ
НОКИС — 1960

www.ziyouz.com kutubxonasi

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚАРАҚАЛПАҚ КЛАССИК ПОЭЗИЯСЫНЫНГ ОҒАДА ҚОРНЕКЛИ УАКИЛИ

Жиен жрау Тағай улы, Кунхожа Ибрайым улы, Ажинияз Қосыбай улы, Бердақ Қарғабай улы, Отеш Алшынбай улы, Омар Сугиримбет улы ҳамь басқалардынг шығармаларынан ибарат революцияға шекемги қарақалпақ адебияты ҳақиқат классик поэзия болып есапланады. Бул шаирлардынг шығармаларына классикалық искусствоны характерлейтуғын «...бзинг кунлеримизде-де озь аҳмиетин сақлап киятырған алдынгғы идеяларды жырлау, реалистлик бағдар, жоқары идеялылық, улкен жамиетлик хызмет, апуайылық ҳамь анықлық, образлардынг тусиниклилиги, жоқары дарежеде жетилискен коркемлик сияқлы енг жақсы белгилер[1]» тань болып, олардынг поэтикалық творчестволары қарақалпақ халқынынг тарихи прогреси менен рухи осуининг улкен бир даурин дузеди.

Марксистлик-ленинлик эстетиканынг улкен теоретиклерининг ҳамь социалистлик маданиятынынг корнекли дузушилерининг бри болған А. В. Луначарский (1875—1938) коркем онер классиклерине томендегише аныңлама береди:

«Енг апуайы формула мнадай болады: классиклер деп озь дауринининг идеяларын яғни сол-дауирлердеги копшилик класстынг басшылық нормаларын барынша дальме-даль турде, сонынгменен бирге барынша кушли баянлайтуғын художниклер аталады. Шнында-да, егер биз усындай художниклердинг доретпелерин қандай болмасын бир музейге жинасақ, бзинг коз алдымызда классикалық искусстволардынг барлық линиясы яғни барлық адамзат маданиятлары толқынларынынг дизбек линиясы

---

[1] «Большая Советская Энциклопедия», екинши басылуы, 21-том, 382-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

турады»[1]. Мне усы козқарастан таллау жасағанымызда биз жоқарыда атларын келтирип откен шаирлардынг озь шгармаларында қарақалпақ халқынынг революцияға шекемги аур турмысы, социаллық тенгсизлик, сияси-экономикалық жане милли ғарезсизлик, милли жане социаллық еркинлик ушын гуреслери, турмыслық тлеклери ҳамь арьманлары тикарында келип шыққан, олар жасаған замандагы минеткеш халқ массасынынг, демек, **копшилик** класстынг манлерин баян еткен идеяларды жырлағанын коремиз. Бул шаирлардынг шғармалары, **сонынгменен бирге,** олардынг бул турмыс фактларын ҳамь дауир **идеяларын** реаль турде **барынша дальме-даль** турде баян еткенликлерин айқын корсетип турады. Екинши жағынан, озь халқы турмысынынг реаль картинасын жасау, озь дауирининг алдынгғы идеяларын котерип шғу арқалы олардынг шгармалары басқа халқлардынг классик шғармаларыменен-де унлес бола отырып, жоқарыда В. В. Луначарский айтқан «барлық адамзат мадениятлары толқынларынынг дизбек линиясы» на барып ушласады, рус А. С. Пушкин, Н. В. Гоғоль, Н. А. Некрасовлардынг, украин И. Франко, Т. Г. Шевченколардынг, англичан В. Шекспир, Ч. Диккенслердинг, немец В. Гете, В. Гюголардынг, озбек А. Науайы, З. Фурқатлардынг, қазақ Абай, И. Алтынсаринлардынг, туркмен Мақтымқулы ҳамь дуньядағы басқа-да халқлардынг жане олардынг басқа-да шаир, жазушыларынынг, аузеки халқ творчестволарынынг ажайып шгармаларынан ибарат «классикалық искусстволардынг барлық линиясы» нынг бир болегин дузеди.

Кунхожа Ибрайым улы мне усы қарақалпақ классик поэзиясынынг огада корнекли уакили болып есапланады. Кунхожа озининг творчествосыменен қарақалпақ классик поэзиясынынг жазба адебият спатында қалиплесуине ҳамь рауажлануына, жалпы қарақалпақ халқынынг санасезимининг, рухи омирининг осуине улкен улес қоса отырып, коплеген қарақалпақ классик шаирларынынг устазы, қарақалпақ халқынынг, басқа-да қонғсы жасаған туысқан халқлардынг суйикли шаиры спатында улкен шаирлық данққа жане халқ ҳурметине ие болды. Кунхожа озининг барлық омири, барлық творчествосы, барлық тлеклери ҳамь арьманлары бойынша минеткеш халқпенен тғыз байланысқан ҳақиқат халқ шаиры,ози жасаған дауирде-

[1] А. В. Луначарский «Статьи о литературе», гослитиздат, 1957 г. стр. 100.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ги жамиетлик турмыстынг енг характерли шынлықларын коре алған ҳамь суретлей алған улкен реалист, халқтынг санасында туылып жане жетилип атырған алдынгғы қатарлы идеяларды баян еткен озь заманынынг прогрессив ақыллары, озь творчествосыменен халқтынг, елдинг мунгын мунглап, жрын жырлаған жалынлы демократ жане патриот болып есапланады. Онынг творчествосынынг характерлеуши белгилери-де шаирдынг жасаған заманынынг тасирименен орын алған ҳарқандай кемшилик яки шекленулерге қарамастан мне усы халқшылық, демократиялық, патриотлық мотивлер менен прогрессив, реалистлик бағдар болды.

Толық праволы турде, халқ алдындағы хызметин, озининг барлық творчестволық омирин халқ мапин жырлауға арнағанлығын тусине отырып, Кунхожанынг ози-де «Кунхожа боп атым кеитти...», «Кунхожа атағым қалды кейнимде», «Атым менинг халққа малим...»[1] деп жазып, озин қарақалпақ халқынынг улкен шаиры спатында атады.

Қарақалпақ классик шаирлары, сонынг ишинде атақлы Бердақ шаир оны улкен устаз шаир спатында тилге алады. Мсалы, Бердақ озининг «Омирим» деген қосығында Кунхожа туралы:

> «Айтып созлерим тынглатып,
> Кемис жерлерин ҳамь онглатып,
> Бир ярым ай бирге жатып,
> Ҳазь етип откен омирим»[2]

деп жазып, оған устаз спатында қатнас жасайды. Бердақтынг жақын урулас ағайинлеринен бреуининг берген бир маглуматы бойынша «Кунхожа олгенде, Бердақ қатты қапа болып: «Маган Кунхожадай болмақ қайда?» деп айтқан екен[3]. Егерде Бердақтынг туылған уақыты (1827-жыл) менен Кунхожанынг қайтыс болған уақтын (1880-жыл) есаплап қарайтугын болсақ, бул Бердақтынг 53 жаслардағы, коп-коп атақлы шғармаларын жазған уақытларындагы айтқан сози. Бул созлерден Бердақтынг

---

[1] Кунхожа, Танглаулы қосықлар топламы, ҚҚМБ, Нокис. 1949-жыл, 26—28, 53-бетлер.

[2] Бердақ, Тангламалы шғармалары, ҚҚМБ, Нокис 1956-жыл, 18—19-бетлер.

[3] 1956-жылгы тарих-этнографиялық экспедиция материаллары. Қарақалпақстан Комплексли илим-изертлеу институтынынг фонды, А. Тореевтинг қол жазбасы, 50-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

озининг заманлас устаз шаирынынг творчествосына болған қаншелли жоқары баҳасынынг ҳамь теренг ҳурметининг жатырғанлығын айыру қиын емес.

Тағы бир белгили қарақалпақ классик шаиры Отеш Алшынбай улынынг (1828—1902) атақлы «Бердаққа жуап» қосығынынг қарақалпақ классик поэзиясынынг тарихында тутатуғын оғада улкен роли ҳаммеге малим. Мне, усы қосықты қолжазба дереклердинг корсетуи бойынша Отеш шаир Кунхожанынг тапсырмасыменен жазған. Бул туралы қосықты буннан жгирма бес жыллар бурын жинаған Садирбай Мауленов ҳамь Шамшет Хожаниязовлар мнадай ескерту қалдырған: «Бул қосықты Матеке ишан дегеннинг мешитинен тауып алынды. Кунхожа қартайган уақытта бул қосықты Бердаққа қарсы жаз деп Отешке тапсырған қусайды»[1]. Бул жағдай Кунхожанынг Бердақ сияқлы, Отеш шаирға-да улкен устаз болғанлығынан айқын гуалық берип турады. Отеш шаир озининг «Дуньядан кетти»[2] деген қосығында Жиен жраудан берги барлық атақлы қарақалпақ шаирларына биографиялық ҳамь творчестволық характеристика бере келип, Кунхожаны «шаирлықта созлери кута жоқары еди, заманнынг жағдайын дурыс корсетти» деп баҳалайды, онынг олимине байланыслы халқтынг аур қайғысы менен шаирлардынг шакиртлик қатнасларын томендегише суретлейди:

«...Халқ жлады сорлы Хожа олгенде...
Намазына халқ қалмай жиналды,
Қарақалпақ, қазағы-да киналды,
Табытын шакирти қалмай айналды,
Арьманменен Кунхожа отти дуньядан...»

Кунхожанынг «табытын қалмай айналған» шакиртлерининг қатарына Бердақ Отешлерменен бирге Омар Сугиримбет улы, Аннакул, Сарыбай сияқлы шаирларды-да киргизуге болады. Революцияға шекемги халқлық-демократиялық бағдардагы қаракалпақ адебиятынынг белгили уакиллери болған бул шаирлар-да бир жағынан Кунхожанынг жерлеслери, екинши жағынан рухи шакиртлери спатында шаирдынг демократиялық, реалистлик традициясын дауам еттирди жане кушли рауажландырды.

[1] Қарақалпақстан Комплексли илим-изертлеу институтынынг фонды, қолжазба, V—32, 52-бет.

[2] Қосықтынг толық тексти марқум А. Бегимовтынг уй архивинде (И. Б.).



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарақалпақ совет шаиры Аяпберген Мусаевтынг белгили «Тарип» қосығындағы:

«Мир Алишер, Жиреншеге тақаббил,
Атақлы шаирлар қарақалпақта»[1].

деп теренг мақтанышпенен айтқан шаирларынынг бреуи Кунхожа болып есапланады. Ойткени, Кунхожа Аяпберген Мусаевтынг енг суйикли шаирларынынг бреуи болған, ол Кунхожанынг қосықлары халқ арасында оқып журген[2]/, «...Ажинияз, Кунхожа, Бердақ шаирлардынг шғармаларын ядқа оқитуғын болған».[3]/

Улума Кунхожаны Жиреншеге тенгеу Аяпберген Мусаевқа шекем-де бар дастурь болған. Мсалы, Бердақ шаирлығынынг енг даслепки басланған жылларында озин (дурысырағы озининг болажақ шаирлық идеалын) таныстыру мақсетинде ози туралы:

«..Жиреншедей созге шебер,
Кунхожа деп қарағайсанг»[4]

деп жазған еди. Усылайынша Бердақ Кунхожаны қарақалпақ, қазақ, қырғыз халқларынынг аузеки творчестволарында халқ даналығынынг символы болып есапланатуғын Жиреншеменен тенг-қатар қояды, сол арқалы оны дана шаир спатында жоқары бахалайды. Буннан Кунхожанынг атақлы қарақалпақ шаирлары тарепинен шаирлық дангқтынг жоқары критериясы етип усланғанлығы коринип тур.

Бзинг заманласларымыз, белгили қарақалпақ совет халқ шаирлары Аббаз Дабылов пенен Садық Нурымбетовлар-да қарақлапақ классик поэзиясынынг, сонынг ишинде Кунхожанынг бай традицияларын шебер дауам еттирип, рауажландырушылар болып есапланады. Сонлықтан олардынг Кунхожаны улкен созь шебери, устаз шаир спатында жии-жии тилге алуы жуда табиғи нарсе.

---

[1] Аяпберген Мусаев. Тангламалы қосықлары, ҚҚМБ, 1956-жыл, 37-бет.

[2] Автордынг 1956-жылғы адеби экспедиция уақтындағы қолжазбаларынан

[3] Н. Дауқараев, Аяпберген Мусаевтынг олгенине 3 жыл толу мунасибетименен жасаған доклад тезислери, қол жазба, том 9,2—бет.

[4] Бердақтынг 1958-жлы Т. Абдимуратов тарепинен жиналған қосықларынан, Қарақалпақстан Комплексли илим-изертлеу институтынынг фонды, қолжазба, 25 бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мсалы, озь шгармаларында А. Дабылов ҳақиқатшыл шаир Кунхожаныг ацы тагдирин, брақ олмес творчествосын айтса[1], С. Нурымбетов озининг «Бердақ шаир» поэмасында Кунхожаныг улкен устаз шаир спатындағы образын жасайды[2]. Белгили қарақалпақ совет жазушысы Ж. Аймурзаевтынг озининг «Бердақ» пьесасында Кунхожага Бердақтынг устазы, халқтынг ақылгой ҳамь суйикли адамы спатында образ беруи-де тарихи толық дурыс болып есапланады.

Белгили совет илимпазлары-да Кунхожаны корнекли классик шаир спатында жоқары баҳалайды. Мсалы, СССР Илимлер Академиясынынг хабарпы-агзасы профессор С. П. Толстов Кунхожаны қарақалпақ халқынынг Хиуа ханларынынг езушилигине қарсы гуресининг идеологларынан бри болган ажайып шаир, деп корсетеди.[3] Тағы бир шгысты изертлеуши атақлы совет илимпазы Е. Э. Бертельс қарақалпақлар туралы «откен дауирде бундай халқ бар деп кута аз сандағы қанигели адамлар билген бул халқ адамзат мадениятына кута-ҳамь оғада баҳалы улес қосты» деп корсете отырып, усы улести жасаган басқа қарақалпақ шаирларыменен бирге Кунхожаны-да жоқары баҳалаган.[4]

Қарақалпақ халқы озининг енг атақлы, енг суйикли шаирлары туралы туысқан халқларға айтқанда-да, туысқан халқлар қарақалпақ халқынынг ажайып перзентлери туралы айтқанда-да бул ҳурметли дзимде, албетте, Кунхожанынг атынынг-да муҳаббатпенен аталуы онынг улкен шаирлық данқынынг, халқ алдындағы хызметининг гуасы болып есапланады. Мсалы, Ташкент қаласында 1957-жлы болып откен қарақалпақ адебияты ҳамь искусствосынынг ашылу мунасибетименен жазған қутлықлауында туысқан озбек халқынынг уакиллери—озбек искусствосы ҳамь адебиятынынг гайраткерлери Кунхожаны қарақалпақ халқынынг ажайып перзентлерининг бреуи спатында ҳурметпенен тилге алган болса,[5] ал, Озбекстаннынг 15 жыллық тойы мунасибетименен туысқан озбек халқына қарақалпақ халқынынг атынан жазылған хатта

---

[1] А. Дабылов «Женгислер йошы», ҚҚМБ, 1946-жыл, 13-бет.

[2] Адеби альманах, № 10-11, ҚҚМБ, 1952-жыл, 106—107 бетлер.

[3] «Советская этнография» журналы, № 1, 1950 г. стр. 8.

[4] «Амударья» журналы, № 2, 1958-жыл 75 бет.

[5] «Қзыл Озбекстан газетасы, № 21 (9668), 24-январь 1957-жыл.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кунхожа Бердақпенен бирге «заманнынг ҳақиқат жырларын жырлаған» халқ жыршысы спатында тилге алынады.[1]

Кунхожа — ҳақиқат халқ жыршысы ҳамь шаир азамат спатында бундай теренг ҳурметпенен жоқары баҳаға ҳамь атақ-абройға толық мунасип еди. Шаирдынг бизге мирас етип қалдырған ҳарбир қосығын оқу ҳарбир ктап оқушыны арнаулы таллаусыз-ақ, созсиз усы пкирге алып келеди.

* * *

Кунхожа—қарақалпақ халқы Хиуа ханлары тарепинен бағындырылып зорлықпенен Хорезмге кошприп акелип орналастырылғаннан кейн бизге малим бриншп шаир ҳамь онынг творчествосы тутасыменен қарақалпақ халқынынг Хиуа ханларынынг қол астындағы аур турмысыменен байланыслы болды. Ол 1799-жлы туылып, 1880-жлы 81 жасында қайтыс болган.

Кунхожанынг акеси Ибрайым кута жарлы адам болған ҳамь ол кута жастан қайтыс болып, болажақ шаир Нурхожа, Айхожа деген ипилерименен жетим қалган. Кута жас уагында шаирдынг анасы-да қайтыс болған. Озининг бул жағдайын шаир «Не болдым?», «Арьманда», «Олим» деген қосықларында:

> **«Атам олди раҳатимди коре алмай...»**
> **«...Анадан жетим қалыппан,**
> **Қангғырып жетим болыппан....»**
> «Зар жлап отырган уйимнинг иши...
> **Еки ул бала бар аға озимнен киши»—**

деп корсетеди.

Кунхожанынг ата-анасы балаларына мирас етип озлерине омир бойы жолдас болган жоқшылық азапларын ғана қалдырды. Қосықларынан белгили болуына қарағанда Кунхожа огада жастан, еле ата-аналары бар уақтан баслап-ақ аур минет ете баслаған, узақ жақларға талап излеп кетип, кспинг қойын баққан, кунликшилик еткен, брақ, я жер-ишерге болып, киерге болып ҳешнарсеге жалшымаған. Ата-анасы олгеннен кейн болса жоқшылық

---

[1] «Қарақалпақстан адебияты ҳамь искусствосы» журналы. №6. 1939-ж. 8-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

азабынынг устине жетимлик қосылып ауҳалы кута аурласқан, сол уақытта қарақалпақ жарлыларынынг басында донип турған жалшылық минет пенен жоқшылық турмыстынг мынг турли машақатларынынг барлығы шаирдынг мойнына абден мнип алған.

Бул жалшылық ҳамь жоқшылық турмыс Кунхожанынг барлық омири бойы дауам етти, 81 жыл омирининг барлығын аур турмыс қысқысында откерди. Шаир ози туылып-оскен қарақалпақ жерин-де, қонгсы қазақ ҳамь Хорезм жерлерин-де кунликши, шопан болып аралады, қайда бармасын жерсиз, малсыз қарақалпақ жарлысынынг шеккен минетин шегип, корген азабын корди, коп минет етип, аз ҳақы алды, турмыс мутажын ҳеш қанаатландыра алмады, минет жапасын-да котерди, рухи азапқа-да тусти. Шаирдынг «Қашан корермен?», «Болар-ма екен», «Ойда», «Кун қайда?», «Шалықлап мақсетли жерге жете алмай», «Ешким бар», «Сазан ау» сияқлы қосықларында бул ауҳаллардынг барлығы анық ҳамь конкрет суретленген.

Шаир, асресе «Жарымадым» қосығында омир бойы бастан откерген жоқшылық турмысын кута характерли қатарларда ашып береди:

«Бул дуньяға шыққалы мен,
Қарным тойып жалшымадым,
Бул дуньяға шыққалы мен,
Жарымадым, жалшымадым.
...Мен отырман ҳайран болып,
Кокирегим дартке толып,
Уйимде бар жаман тулып,
Тулыпқа-да жарымадым.
Балаларым отыр жалангаш,
Куйикпенен ағарды шаш,
Атамнан қалған жунь шанаш,
Шанашқа-да жарымадым...»

Бул келтирилген узиндиде бринши жағынан шаирдинг аур турмысты, жарлылықты омир бойы коргенлиги коринип турса, екинши жағынан, усы жарлылықтынг озининг адам шдамаслық дарежеси-де айқын коринип тур. Ҳақиқатында-да «тулыпқа-да жарымадым, шанашқа-да жарымадым» деген қатарларды оқып отырып, ктап оқушыда—«малдуньянынг енг қурығаны—тулып пенен шанашқа жарымаған болса, абден тақыршақта қалған гедей екен» деген тусиник озь-озинен туылады. Кунхожа омири бойы мне



www.ziyouz.com kutubxonasi

тап усындай тақыршақта қалған гедей болған. Бул жағдайын шаир озининг «Не болдым?» деген қосығында-да тилге алған:

«Жасым жетпей питти исим,
Нарсе қалмай тусти тсим,
Жоқшылықтан кетти есим,
Шығып дуньяға не болдым?»

Озь уақтындағы «шаирлардынг сарьдары», сонынгменен бирге улкен бақсы-да болған Кунхожанынг омири усылайша откен. Шаир бунынгдай аур минет, жоқшылық азабына ғана емес, Хиуа ханларынынг ҳамь онынг жергиликли ҳамелдарларынынг қудалау азабына-да гриптар болған. Халқтынг жрын жырлап, эксплуататорлардынг зулымлықларын, ипласлықларын ашкаралаған, озь басынынг мапи ушын устем топарлардынг ҳешқандай қайырхомлығына коз тикпеген шаирға патриархаллықфеодаллық жамиеттинг басқарушылары бар жаманлығын ислеген, шаирдынг корген барлық турмыс аурманлығынынг дерги-де усы социаллық себеп болған. Бул туралыда шаир томендегише озининг бирқанша қосықларында жазады:

«Мақтамадым аталықты,
Сойтич еттим хаталықты,
Ол-да етти жаманлықты,
Сол себептен жарымадым...»
«Қурысын бул дунья, раҳать кормедим,
Тенги-дусымменен ойнап-қулмедим,
Шуғыллардынг созлерине ермедим,
Сонынг ушын кеттим мне арьманда...»

Халқ ядында ҳамь шаирдынг озининг бирқанша кенг белгили қосықларында сақланған мағлуматлар бойынша Кунхожаны хошеметпенен, зорлықпенен алған бағытынан қайтарып, устем топарлардынг, ханлық сарайдынг жыршысы етуге Хиуа ханынынг тиккелей ози араласқан. Хиуа ханы Мадемин ханнынг (1845—1855 жылларда ханлық еткен) озин мақтату ушын ханлық сорамындағы басқа-да бақсы, шаирларменен бирге Кунхожаны-да зорлап Хиуаға алдыруы мне усы мақсетти козде тутқан. Брақ, езилген халқтынг омири, маплерименен жасап, солардынг журегименен ханды жек коретуғын шаир ханнынг бул ойынан шықпайды, хан алдында-да ҳақиқатты айтады. Хан оны хорламақшы, мазақламақшы болып, соқыр туйе «байрақ» береди. Керисинше, Кунхожа емес, ханнынг ози мазақла-



www.ziyouz.com kutubxonasi

нады. Шаир сол жердинг озинде ханды олтире мазақлайтуғын белгили «Туйе екенсенг» қосығын жазады.

Шаирдынг Хиуа сапары, Хиуадағы барлық зулымлықларды, «гунасыз қиылған жанларды», хан сарайындағы инласлықларды озь козименен тиккелей коруи онынг ханға, ханлық тартиплерге деген ғазеп ҳамь жек корушиликлерин тағы-да шегине жеткереди. Кунхожанынг тек озь творчествосынынг ғана емес, улума қарақалпақ классик поэзиясынынг орайлық шығармаларынан болып есапланатуғын «Умытпаспан», «Елменен», «Неге керек?» сияқлы ажайып қосықлары тиккелей усы Хиуа сапарынынг тасирименен дореген.

Буннан кеин Кунхожа тағы-да кушлирек қудаланады. Буны шаир озининг бирқанша қосықларында:

«Залымнан, беглерим коп кордим азар,
Бир басқа бир заман болды яранлар...»
«...Жаллатлар журь барьҳа менинг кейнимде...»—

деп жии-жии теренг қайгыруменен тилге алады.

Илими экспедициялар уақтында жиналған ҳамь Кунхожанынг ҳазир бар жақын аулатларыменен усы мақала авторынынгози сойлесу арқалы анықланған маглуматлар бойынша Кунхожа браз уақытлар қазақ арасында: Ақтобе, Кзыл Орда (ол уақта Ақмешит) бетлерде, туркмен арасында болған. Сондай-ақ Кунхожанынг жоқары қарақалпақлар жасаған жақларға барғанлығы-да малим. Кунликшилик омирменен бирге, бундай дарбедарлық омирдинг улкен бир себеби-де оны қудалаудынг тасиринен болган ҳамь бул қудалау шаирдынг жуда ғаррылық уақтында-да дауам еткен. Буны шаирдынг «Корипбес» деген қосығындағы:

«...Сақалым агарды туспеди олжа,
Мақтымқулы магриптей алдынгды болжа,
Жасы жетип ауере болган Кунхожа,
Козинг жумылганша елинг коринбес»

деген қатарлар кута айқын корсетип турады.

Улума алғанда Кунхожанынг биографиясы — революцияга шекемги қарақалпақ минеткешлерининг биографиясынынг ажыралмас бир болеги болды. Шаирдынг ози сияқлы ол жрын жырлаған қарақалпақ минеткешлери-де жоқшылық, ашлық-аптадалық турмыс қысқысы менен



www.ziyouz.com kutubxonasi

омир қуғыны, аур минет астында, ханға ҳамь ханлық тартиплерге ошпенли жек корушилик, аур қайғы, жақты турмысқа умтылу тлеклерименен жасады. Ози бир уакили болған минеткеш халқтынг усы биографиясы менен усы психологиясы Кунхожа творчествосынынг идеялық мазмунын, тематикасын дузди.

Кунхожа озь шгармаларыменен массанынг тарепдары, экспдуататорларды ашкаралаушы, халқтынг оптимистлик кейплери менен озине заманлас тартиплерге, ханлық властықа болған баҳасын баян етуши болды. Кунхожанынг шғармаларынан халқ массасынынг оны барлық журегименен суйетугын жыршысынынг ҳауазын еситемиз. Шаирдынг қосықларын туылған елге муҳаббат, онынг аур тағдирин қабырғасы қайысып қайғыру, онынг жақсы келешегин ынтық болып куту, айқын класслық, социаллық мотив, турмыс шынлығын реалистлик суретлеу, заманлас тартиплерге откир критикалық қатнас, бир-брине тгыз байланыслы демократиялық ҳамь патриотлық мотив характерлеп турады.

Кунхожанынг шғармалары оны ози жасаған заманнынг енг характерли ҳадиселерин бурмаламастан суретлеген реалист спатында таныталы. Егерде кескинлескен класслық жиклену, социаллық тенгсизлик—шаир жасаған даурдеги қарақалпақ халқынынг жамиетлик турмысынынг белгилеуши мангызы десек, мне усыны шаир озь қосықларынынг объекти етип алады, бир жағынан устем топар адамларынынг сансыз мал менен жерге иелигин, минетсиз паразитлик омир суруин, екинши жағынан усыған қарама-қарсы жерсиз, малсыз жарлылардынг жупынылық, аш-аптадалық жағдайын, қуллық минетлерин суретлейди. Мсалы, шаирдынг «Жайлауым» деген қосығындағы:

«Бирнещени мақсетине жетирип,
Бирнещени қайғы-қапа еттирип, —

деген еки қатарды ғана алатугын болсақ, турмыстагы усы қарама-қарсылық ап-анық тусинилип тур. «Шопанлар» қосығында шаир Қзыл қумда қой баққан шопанлардынг аур минетин толық суретлей келип:

«Қайысып баққаны байдынг қойлары,
Бир ылаққа ушь жыл журген шопанлар» —

деп жазады. Бул еки қатардан-да кимнинг неге иелиги айқын тусинилип тур.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кунхожа халқ басындағы жалпы жарлылық жағдайды суретлеу менен бирге кунликши, шопан, диқан ҳамь тағы басқалар сияқлы жалланба минет адамларынынг турмысын суретлеуге айрықша улкен кеул боледи. Мсалы, шаирдынг «Шопанлар», «Орақшылар», «Кун қайда?», «Ойда», «Қашан коремен», «Болар-ма екен?» ҳамь басқалар сияқлы коплеген тикарғы қосықлары усы темаға арналған. Бул-да реалист шаир ушын толық табиғи жағдай еди. Ойткени, жалланба минет адамлары қарақалпақ минеткешлерининг енг тикарғы болеги, сонынгменен бирге енг езилген болеги еди.

Шаир жалланба минет адамларынынг турмысынынг барлық енг характерли детальларын—олардынг азаплы, брақ, арзан минетин-де, илажсызлық кунин-де, сағыныш сезимлерин-де суретлейди. «Орақшылар» қосығынан-ақ мсал келтирейик:

«Ийнинде кунлик шапаны,
Пақалға тырналып саны,
Барқулла қиналып жаны,
Атызда журь орақшылар.

...Оскен жерине жете алмай,
Жумысты таслап кете алмай,
Асқар қумлардан оте алмай,
Зар жлап журь орақшылар.

Коп ислейди, аз алады,
Танде жаны қиналады,
Жипсиз кби байланады,
Азапта журь орақшылар»

Кунхожанынг озининг қайғылары, жарлылық, сергизданлық омири ҳаққындағы жазған қосықлары-да коп ушырасады. «Жайлауым», «Жарымадым». «Менинг балам», «Балам олгенде», «Козим», «Олим», «Арьманда», «Ким блер?» сияқлы коп гана қосықлары усындай. Брақта буларды шаирдынг тек озь жеке басына тиисли турмыс пенен сезимлер деп қарау хате болады. Кунхожанынг бундай қосықларына М. Горькийдинг уллы украин шаиры Т. Г. Шевченко туралы айтқан ...«онынг жеке тағдири ҳаққындағы зарларында барлық Малороссиянынг зарлары еситиледи...»[1] деген баҳасы кута сайкес келеди.

---

[1] Тарас Шевченко, «Кобзарь», ГИХЛ, Москва, 1954-жыл, стр. 13.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кунхожа турмыс шынлығын реалистлик суретлеуди халққа хызмет етуменен тғыз байланыста тусинеди. Шаирдынг еле сол озининг қарангғы асирде улкен азаматлық мартлик ҳамь ажайып ақылдарлықпенен айтқан:

«Шаир халқтынг созин айтар» —

деген сози бзинг кунлеримизде тағы-да кушлирек жанглайды.

Кунхожанынг барлық қосықларын козден откерип қарайтуғын болсақ, онынг халқ деп залым ханлар менен ҳамелдарларды, «малы коп мунгсыз байларды» емес, ал, Қзыл қумда қайысып қой баққанларды, табанларын тас қопарып балық аулаганларды, пақалға санын тырнатып орақ орғанларды, қулласы минеттинг, тенгсизликтинг, салғыртлардынг аурманлығын шеккенлерди атағанлығын коремиз. Ол залым ханлар менен ҳамелдарларды, байларды «жлан», «шаян», «азулы», «жау торғай», «қассап» деп атайды. Улума шаирдынг минеткеш халққа болған жыллы муҳаббаты езушилерге деген ошпенлижек корушилигименен тғыз байланыслы. Мсалы «Менинг куним» қосығында «жлан сорып сау денемди исирди» деп байлардынг, ҳамелдарлардынг еткен зулымлығын корсеткен, «Жарымадым» қосыгында «биинсаплар дуры жолды тутпаган сонг жарымадым» деп озь заманындағы ҳамелдарларды инсапсызлар деп атаған шаир, Хиуа ханынынг ози туралы-да «Умытпаспан» қосығында:

«Мен сйладым сол уақытта,
Хан ақылсыз деп тахтта» —

деп жазады. «Суға кетти» деп аталатуғын қосығында шаир тағы-да теренғленгкиреп:

«Ғариплердинг қара болган бахтына,
Отлар жақсам залым патша тахтына,
Зулым етер удайына халқына,
**Ада болмас ислер болды найлейин?»—**

—деп жазады.

Кунхожа озининг «Азулы», «Жау торғай» қосықларында-да астарлы турде халқты талайтуғын, онынг табысына минетсиз ие болатуғын эксплуататорларды ашкаралайды.

Кунхожанынг «Неге керек?», «Елменен» қосықлары



www.ziyouz.com kutubxonasi

огада уллкен социаллық мазмунға ие. Бул қосықларда шаирдынг ел, халқ ҳаққындағы пкирлери, социаллық идеаллары баян етиледи.

«Неге керек?» қосығы насиҳатлық мазмунда жазылган қосық болып, шаир дасленки қатарларында турмыс, табият ҳадиселерининг, куп корнске байланыслы затлардынг изамлылықларын созь ететугын дидактикалық пкирлер айтады: ашылган гул, сайраған булбилменен ҳамь мангилик солмауыменен жақсы, аққан сулар егиндп қандыруы, уақтында тасып, уақтында қайтуменен жақсы, асқар таулар тобеси бултқа тиген биикдиги, ескен қатты шамалменен коркем, қара жамгыр керекли уақытта жауса гана файдалы, кейиннен жадыраган жаз келтирип, жерди гуллентуименен жақсы, алдынан ауды алса, патлениин қапат қагып, жоқ жерден анг таиса гана қарпыганы ҳамь тазыны мақтау орынлы, қос бедеудинг корки—жуйриклигименен белгиленеди, шаирдынг пкиринше, қандай нарсени болса-да мақтау оның адам турмысынынг талабын қалай қанаатландырғанына тикарлануы керек:

«. .Сарқырап суы ақпаса,
Еккен егинлер қанбаса,
Уақтында тасып-тынбаса,
Аққан сулар неге керек?...
...Жадырап жазы болмаса,
Шумақлы когал қылмаса,
Озь уақтында жаумаса,
Қара жамгыр неге керек?..»[1]

«Неге керек» қосыгынынг басында айтылатугын пкирлер усындай. Брақ, булар қосықтынг тикаргы мазмуны емес, ал қосықтынг тикаргы мазмунына крис есабында хызмет ететугын туснндирушн болим. Шаир қосықтынг тикаргы мазмуны етип, елдинг жақсы кунге шгуы ушын ел коргайтугын перзенттинг, ел басқаратугын басшынынг, ел билеуши хан ҳамь катқудалардынг алдына қойылатугын талапты созь етеди. Елдинг жақсы перзенти болатугын адам батыр болсын, ҳешнарседен қорқпай, куп сайын осип, белиш беккем бусын, ески кекти қусын, душпанга қарсы таймай гуреске туссин, буларды ислемесе ол елдинг ҳадал перзенти бола алмайды,— дейди шаир. Бундагы шаирдынг ески кек деп отырғаны

1) Кунхожа. Танглаулы қосықлары, 1949-жыл, 22-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

қарақалпақ халқынынг талай рет жасаған котерилиси-нинг хан ҳамь билер тарепинен қанлы турде бастыры-луынан халқтынг журегинде киятырган ызалы кеклер, душпап деп отырғапы халқты кун сайын турли-турли булгиншиликке салатугын урыспаз феодаллар ҳамь езу-шилер болып есапланады. Шаир батырлықтынг шарти— тек кушлилик ҳамь қорқаслық деп қарамайды, ал, сол куш ҳамь журеклиликти елди жаудан қорғауға жумсау деп қарайды, бундай етпеген батырды-да, палуанды-да шаир «қорқақ палуан, қуры батыр» деп атайды. Шаир батырлықтынг шарти етип ел ҳамь халқ ушын хызмет етуди, ата-ананы ҳурмет етуди, жақсы мнез-қулқлы бо-луды есаплайды:

«...Беллерин беккем бумаса,
Откен ошлерди қумаса,
Анадан артық тумаса,
Пасық перзент неге керек?

Бойы кун сайын оспесе,
Душпан кокейин кеспесе,
Таймай гуреске туспесе,
Қорқақ палуан неге керек?...

...Халққа сози жақпаса,
Дарьядай болып ақпаса,
Елди жаулардан бақпаса,
Қуры батыр неге керек?..»[1]

Кунхожа тарепинен сол дауирде-ақ ел перзентининг алдына қойылған бул дурыс талаплар бзинг бугинги ку-нимизде-де озь кушин жойытпаган пкирлер болып есап-ланады.

Елдинг пухарасы-да, батыры-да, байы-да, катқудала-ры-да, ханы-да бирге болсын, бирге ойнап кулсин, бир-брине қол қабыс тигизсин, басшы бары-жоқты барлап, аштынг ауҳалына қарасын, халқтынг арын арласын, тахт иеси халққа адил болсын, жлағанды жубатсын, халқтынг татқанын татсын, ащы-дущыны халқпенен бирге корсин, катқуда адил бийлик етсин, халқпенен бирге қайғырып, халқпенен бирге кулсин, дауагерге-де, айыпкерге-де тенг козбенен қарап, ҳарбир истинг ақ-қарасын айырып адил буйрық етсин, буны етпеген басшы «ауан басшы», ондай басшы-да, ондай хан-да, катқуда-да керек емес дейди шаир:

---

[1] Кунхожа Танглаулы қосықлары, 23—24-бетлер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Халқтынг арын арламаса,
Бары-жоқты барламаса,
Аш ҳамь тоқты қарамаса,
Ауан басшы неге керек?

Халққа адил болмаса,
Жлаганды жубатпаса,
Халқ татқанын татпаса,
Тахт иеси неге керек?

Еки жақты тенг кормесе,
Дуры адиллик бермесе,
Халқпенен ойнап-кулмесе,
Катқудалар неге керек?

Кунхожанынг жамиетлик қурылыс ҳаққындағы сияси пкири усындай. Ол ханлардынг, басшылардынг, катқудалардынг алдына ел, халқ пенен бирге болуды, адил болуды, халқтынг тағдирин қайгыруды талап етип қояды, адил патша арқалы тенгликке, жақсы турмысқа ерису мумкин деп есаплайды. Онынг ел, халқпенен бирге болуды, ел ҳамь халқтынг мамлекет тағдириндеги шешуши ролин корсетуи, адилликти қадирлеуи озь дауири ушын, созсиз, огада прогрессив ҳамь демократиялық характерге ие козқараслар болып есапланады. Брақ-та класслық жамиетте ҳамь онынг мамлекетлик қуралы болып есапланатуғын патша бар уақта адилликти кутуи, адил патша арқалы жақсы турмысқа шғу мумкин деп есаплауы онынг кемшилиги. Кунхожа улума адил патша болмайтуғынын, класслық жамиетте тенгсизликти сапластыру мумкин емеслигин, патша бар жерде адилликтинг болмайтуғынын, жақсы турмысқа тек революциялық гурес-пенен жету мумкинлигин, ҳақиқи халқ ҳукимети дузилген, қарама-қарсылықсыз жамиетте ғана адилликтинг, тенгликтинг иске асырылатуғынлығын тусинбеди. Буны тусинуге Кунхожа омир сурген XIX асирдеги қарақалпақ турмысында жеткиликли жағдай-да жоқ еди. Сонлықтан-да Кунхожанынг жоқарыдагы надурыс пкирлери онынг саналы хатеси емес, дауирге байланыслы кемшилиги деймиз.

«Неге керек?» қосығындағы Кунхожанынг ел, халқ ҳамь адиллик ҳаққындагы пкирлери тағы-да конкрет турде ҳамь тағы-да кушлирек сезимменен онынг «Елменен» деп аталатуғын улкен колемли дидактикалық қосығында баян етилген. Қосық сонынгменен бирге халқ философиясынынг-да жуда жақсы улгиси.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Барлық нарсениң корки ел, турмыстынг ҳарекетке келтируши куши ел ҳамь халқ, дуньядағы ашылған гуллер-де, қапестеги сайраушы булбиллер-де, бағу-ҳарем, шаменлерде халқтынг дореткен нарселери ҳамь олар халқпенен ғана коркем коринетуғын нарселер, халқсыз, елсиз олар когермейди-де, коркем-де болмайды. Меруерттен салынған жайлар-да, ғазине толысы алтын ақшалар-да, бреулердинг кипп журген қамқа паршаларыда, сандық-сандық алтынлары-да, ҳаули-ҳарем, бағлар-да халқтынг дореткени, тапқаны, халқтынг манглай терининг натижеси, елсиз жерде, халқсыз елде, ҳаттеки аспандағы айдынг-да ҳешқандай қымбаты жоқ:

«...Онасыз дуньяда ашылған гуллер,
Қапестеги сайран турған булбиллер,
Дуньядағы багу-ҳарем шаменлер,
Анынг раунши, корки елменен..»[1]

Шаир озининг «Елменен» қосығында ел ҳамь халқтынг мамлекет турмысындағы шешуши ролин, ел-халқтынг жоқары қасиетин усылайша философиялық ҳамь демократиялық сулу пкирлерменен суретлейди.

Уллы пролетар жазушысы Максим Горькийдинг «Деревня тарихы» деген мақаласында откендеги халқ турмысы ҳамь тарихы туралы мнадай жақсы пкирлер бар:

«...Минеткеш халқ тарихты жасады, брақ, ол оны жаза алмады, тарихты класслық жақтан оған жат ҳамь душпан адамлар жазды. Мне усы апуайы себепке байланыслы тарихты дузуши қара рабочий тарихи ктапларда гейде ғана ҳамь жақсы адамлардынг тнышлығын бузушы, бунтовщик спатында қаралады. Материаллық мадениюттынг дузушилери спатында диқан ҳамь рабочий тарихта жоқ. Ал, нагыз солар феодал-дворянлардынг берк қорғанларын салды, қалаларды ҳамь ажайып храмларды салды, жоллар салды, батпақлықларды қурғатты, қзыл кендирди, зғырды, телетинди, жунди, ағашты, металлды келе қылды, командалық етуши класстынг аяғын, усти басын кииндирди, жасандырды»[2].

М. Горькийдинг бул айтқаилары Кунхожанынг «Елме-

---

[1] Кунхожа, Қосықлар топламы, 31-бет.

[2] М. Горький. «О литературе» из-тво «Советский писатель». 1955 г. стр. 484.



www.ziyouz.com kutubxonasi

нен» қосығын оқып отырғанда, албетте, еске туседи ҳамь шаирдынг дунья қозқарасынынг, турмыс қаққындағы тусинигининг бир характерли тарепин ашу ушын-да, шаирдынг творчествосынынг улкен бир тарихи аҳмиетин ашу ушын-да жуда баҳалы критерия болып есапланады. Булар бринши жағынан, шаирдынг барлық омирдинг дереги халқта екенлиги, барлық нарсени доретуши халқ екенлиги, барлық нарсенинг коркемлиги халқпенен екенлиги ҳаққындағы ҳақиқатты дурыс туснуи болса, екинши жағынан, расми устем позицияға қарсы халқтынг хызметин ҳамь ролин озь қосығы арқалы тарихқа киргизуи болып есапланады. Бул созсиз, XIX асирдеги артта қалған патриархаль-феодаллық жамиетте жасаған шаир Кунхожа ушын улкен прогрессив козқарас ҳамь улкен тарихи хызмет еди.

Кунхожа барлық затты халқ доретти деуменен ғана шекленип қалмайды, барлық адамлар халқтынг арқасынан кун кореди, халқ болмаса, елдеги қул болмаса халқты сорап отырған хан ҳамь патшалардан баслап халқты талап шалқыған, ойына не келсе соны іслеп, халққа қсым етип журген адамлар-да, малы коп мунгсыз байлар-да, молла-ишанлар-да кун коре алмайды, олар гарип-қасер елдинг, сорлы қулдынг минетин жатып ишип шалқыйды, елсиз, халқсыз ханнынг-да, ҳамелдарлардынг-да, закон-нынг-да, шарияттынг-да, молланынг-да, ишаннынг-да кереги жоқ, сонлықтан елдинг онгар жағын гозлеген адам барлық нарсени халқпенен іслесин, халқ пенен бригипшешсин, ойткени, елге жақпаған, халққа суйенбеген батыр-да кушсиз деген пкирлерди илгерилетти.

«Атқа мнип дангқын кокке жетирген,
Қсымлыгын куннен-кунге отирген,
Озине жақсынынг исин птирген,
Олардынг-да купи кешер елменен.

Ғазиҹе толысы алтын ақшанынг,
Ҳаули-ҳарем жане бағу-бақшанынг,
Халқты сорап турган хан ҳамь патшанынг,
Шалқыганы гарип-қасер елменен.

Меруерттен салынған ширкеу жайлардынг,
...Малы коп дуньяда мунгсыз байлардынг,
Шалқуына себеп сорлы қулменен...»[1]

---

[2]) Кунхожа. Танглаулы қосықлары, 1949-жыл, 30-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

деген қатарларды оқу арқалы Кунхожанынг озь дауриндеги жамиетлик қурылысты қаншелли дурыс суретлегенлигин коремиз.

Ал, қосықтағы:

Аспанға ушарсанг болса қанатынг,
Шад боларсанг шадлы болса елатынг,
Халқынгменен болса мақсет-мурадынг
Кеулинг шадланады узақ жылменен.[1]

деген қатарларда ел ҳамь халққа болған қаншелли қадирлеу сезимининг бар екенлигин тусинемиз. Шаир ҳаттеки турмыстынг қысқысынан иши қайғыға толып, аур тунгилуге берилген уақытта-да халқты ядынан шғармайды, «олгенимше елменен ырзаласып кетермен» дейди, ол ҳешуақытта озин елден болек усламайды.

Кунхожа ел, халқты, адилликти қадирлеуменен бирге, егерде халқты сорайтуғын хан, ҳамелдарлар залым болса, халқтынг куни қайғыменен отеди дейди,

«Халқынгды сораса залым патшалар,
Қассап янглы куни кешер дарменен»[2]

деп ханды қассапқа тенгейди, онынг кунделикли касиби адам олтиру болады, себеби ондай патша:

«Адамга қаст етип мийрими келмес,
Ким жаман, ким жақсы парқыны билмес»[3].

деп корсетеди.

Кунхожа озининг «Елменен» қосығында, «Неге керек?» қосығына қарағанда пкир жағынан адеуир илгерилей туседи. «Неге керек?» қосығында жақсы турмысты тек адил патшадан кутуши шаир «Елменен» қосығында:

«Халқтынг адам болып халқ болуы,
Карангғы тунектинг жарық болуы,
Кокрегингнинг шадлықларға толуы,
Талап етсе, ҳужим етсе елменен»[4]

деп гуресшенглик мотив киргизеди яғни қарангғы турмыстан жақтылық турмысқа шғу ушын халқтынг ози қол услесып ҳужим етуи, талап етуи керек деп халқты гуреске шақырады.

---

[1] Бул-да сонда, 31-бет.
[2] Кунхожа, Тангла̀улы қосықлары, 1949-жыл, 31—32-бетлер.
[3] Бул-да сонда, 30-бет.
[4] Бул-да сонда, 32-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонынгменен бирге шаир зулымнан қутылып бахытлы омирге жетудинг, озь созименен айтқанда «қара тунде жол табудынг» енг зарурли шарти спатында барлық ел болып, бир-бреуге туысқанлық қол берип ҳарекет ету екенлигин корсетеди:

«...Бир-бреуге туысқанлық берип қол,
Қара тунде сарьдар болып таппақ жол,
Пту ушын удайына онглы-сол,
Ислеу керек барлық жагын елменен»[1]

Бул қатарлар-да халқты озь бахты ушын бирлесип ҳужим етуге шақырудан ибарат гуресшенглик мотиви жағынан оғада улкен сияси аҳмиетке ие.

Брақ-та, бул гуреске шақыру мотиви Кунхожанынг творчествосын тутасыменен характерлейтуғын мотив емес.

Кунхожа барлық эксплуататорларды қаншелли жек коргенименен, халқты жамиетлик турмыста шешуши куш деп тусингенименен, барибир жамиетлик турмыстынг шешуши куши болған халқтынг озь азатлығын қалайынша женгип алуынынг жолын билмеди, азатлық ушын халқ массасынынг гуресининг аҳмиетин, бул гуресте халқтынг ролин, улума халқтынг азатлық ушын гуресининг мақсетин ҳамь аҳмиетин тусинбеди. Кунхожанынг демократияшыл козқараслары саналы революционер-демократлар дарежесине котериле алған жоқ, ал, халқтынг стихиялық наразылығын, басында адил патша турған мамлекет дузу ҳаққындағы халқтынг арьманын баянлаушы козқарас болды.

Озь қозқарасы бойынша Кунхожа Орта Азия халқларынынг откендеги барлық адеби мирасларына дерлик тань болған адил патша ҳаққындагы мотивтен арман отип кете алмады.

Кунхожанынг сияси программасы тутасыменен алғанда «адил патша» тлеуден ибарат болды. Онынг пкиринше: халқты аш-аптадалыққа тусирип отырған, тенгсизлик жағдайға тусирип қойған, узликсиз урыслар жургизип, пухараларына наҳақ ҳамь жауызлық жазалар қолланып отырған ханлар, патшалар жоқ болып, олардынг орнына бир адил ел басқарушы патшалар отырса—барлық класслық тенгсизликлер, зулым ҳамь урыслар аур налоглар менен наҳақ жазалаулар жоқ болып, гедейлер езушилик-

[1] Кунхожа, Танглаулы қосықлары, 1949 жыл, 31 бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

тен, ерксизликтен, зулымнан қутылуы мумкин. Кунхожаның жамиетлик козқарасындағы бул шекленушилик сол даурдеги қарақалпақ халқынынг тарихи рауажлану жағдайына байланыслы болды.

Кунхожанынг жамиетлик козқарасындағы шекленушиликтинг себебин дурыс тусинуде уллы косемимиз В. И. Лениннинг А. Толстой, А. Герцен, Н. Чернышевский ҳамь басқа-да рус жазушылары ҳаққындағы пкирлери басшы пкир болып хызмет етеди.

В. И. Ленин озининг белгили «Лев Толстой рус революциясынынг айнасы спатында» деген мақаласында уллы жазушынынг жамиетлик-сияси козқарасларына тань болған кемшиликлер менен қарама-қарсылықларды белгилей отырып, онынг творчествосындағы бундай жағдайлар тосыннан болған нарсе емес, ал, XIX асирдинг сонгғы 30 жлында (яғни Толстой творчествосынынг дауринде) рус турмысы дус болған қарама-қарсылықлардынг баян етилуи екенлигин корсетеди. Бул халқтагы оскен, қанасына симай атылған наразылықпенен еле толық осип жетисе алмаған наразылық пенен еле толық осип жетисе алмаған сананынг озь-ара сайкес келмеуи еди. «Толстой,— деп жазады В. И. Ленин,—қайнаған жек корушиликти, псип жетискен жақсылыққа умтылушылықты, ескиден қутылу тлегин ҳамь қиялдынг жетилиспегенлигин, сияси тарбияланбағанлықты, революциялық босанглықты сауледендирди»[1]

В. И. Ленин ҳарбир жазушынынг идеялық қалиплесуи ушын ол жасап турған даурдинг тарихи, сияси-жамиетлик жағдайынынг шешуши ролин корсетеди.

Владимир Ильич Лениннинг белгили: «...Диқанлардынг барлық откен омири оған баринди жане чиновниклерди жек коруге уйретти, брақ бул сораулардынг барлығына (яғни Лениннинг ози баян еткендей-ақ диқанлардынг озине еркинликти қалай женгип алу, бул гуресте қандай басшылардынг болуы, патша ҳукиметин кушпенен аударудынг не ушын заруръ екенлиги ҳ. т. б. усындай сораулар—И. Б.) қайдан жуап излеу кереклигин уйрете алмады»[2] —деген қағидасынынг-да созь етилип отырған маселени дурыс тусинуине кута улкен аҳмиети бар. Кон-

[1] В. И. Ленин, Сочинения, том 15, стр. 185.
[2] В. И. Ленин, «О культуре и искусстве» изд-во «Искусство» 1956 г. стр. 75.



www.ziyouz.com kutubxonasi

крет айтқанда Кунхожанынг жамиетлик козқарасындағы шеклену—қарақалпақ халқынынг жамиетлик—экономикалық жақтан, сияси ҳамь мадени жақтан артта қалуына, қарақалпақ халқынынг арасында реакцияшыл ислам днининг кушли тасирине, халқтынг тегисименен дерлик сауатсыз болуына, елде ири ондирис орынларынынг ҳамь ҳақиқат революцияшыл класс рабочий класынынг болмауына байланыслы болды.

Кунхожанынг жамиетлик козқарасы шекленген характерге ие болғанымenen озь даури ушын улкен аҳмиетке не болды. Ол озь творчествосында халқты аур кунге душар етип отырғанлардынг кимлер екенлигин тусиндирип берди, халққа онынг жамиеттеги тутатугын улкен орнын ашып берди, халқта озь кушин тусину санасын оятуға жардемлести.

Бул жағдайлардынг халқты озь азатлығы ушын гуреске таярлауда улкен роль ойнағанлығы созсиз. Сонлықтан-да Кунхожанынг жамиетлик козқараслары озь дауири ушын ғана емес, бзинг заманымыз ушын-да улкен аҳмиетке ие болды, деп қарауымыз керек.

Кунхожа адилликти, адил патшанынг болуын жақтылы турмысқа шғу жолы деп есаплады дегенде, усы пкирлерди корсетуге арналған қатарлардынг озин шаирдынг озь дауриндеги адилсизликти ашкаралауы ҳамь усы адилсизликке қарсы наразылығы екенлигин-де ядта туту керек. Ойткени, Кунхожа озине заманлас ауан басшылардынг, залым патшалардынг, ҳуждансыз катқудалардынг елге еткен зиянын коре отырып, сол тажрибе тикарында оларды ел тағдири ушын керексиз адамлар деп есаплады, оларға путкиллей қарама-қарсы болған дурыс басшыларды, адил патшаларды, ҳуждanлы катқудаларды арьмап етти.

Онынг шғармаларындағы ел, халқ ҳамь адиллик тематикасы биз ушын Кунхожанынг озь даурине жараса демократияшыллығы, патриотлығы, класслық айырмашылықларды ашып корсете блуи, халқты бирликке, ел қорғауға шақыруыменен улкен аҳмиетке ие.

* *
*

Енди қысқаша Кунхожа шғармаларынынг жиналу, дағазалану тарихына тоқтап оту заруръ.

Кунхожанынг шғармаларын жинау 30-жыллардынг басларыниан-ақ қолға алынды. Барлық қарақалпақ ша-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ирларынынг шығармаларын жинауға болғаны сияқлы, бул иске-де қозғау салған нарселер рус совет илимпазларынынг тиккелей қатнасы жане жардемименен Қарақалпақстан территориясында шолкемлестирилген адеби, лингвистикалық жане тарихи-этнографиялық экспедициялар, Қарақалпақстанда бринши илими макемениг—1931-жлы Қарақалпақстан Комплексли илим-изертлеу институтынынг ашылуы болды. Бриншн мартебе Кунхожанынг шығармаларын жазып алғанлар—Садирбай Мауленов жане Шамшет Хожаниязовлар болды. Олар Қарақалпақстаннынг арқа районларында, асресе, Мойнақ, Тахтакопир районларынынг территорияларында адамлардынг аузынан жазып алу, қолжазбалардан (олардынг озлерининг атауы бойынша қысса ктаплардан) коширип алу жолыменен Кунхожанынг қосықларын жинай баслады.

Кунхожанынг Садирбай Мауленов ҳамь Шамшет Хожаниязовлардынг 1931-жыллардан 1939-жылларға шекем ҳартурли жылларда жинаған қосықларды ҳазир Қарақалпақстан Комплексли илим-изертлеу институтынынг фондында, ал, базы бреулери (мсалы, «Сергиздан», «Малым барда», «Жгирма бесте» «Корерсенг» деген қосықлары) Қазақстан Илимлер Академиясынынг Орайлық илими библиотекасынынг фондында сақланады ҳамь тикарынан усы қосықлар шаирдынг ктап оқушыларымызға усынылып отырған бул топламыныг мазмунын қурайды. С. Мауленов ҳамь Ш. Хожаниязовлар қалдырған қолжазба дереклерди, сондай-ақ Уллы Уатандарлық урыстан бурынғы жыллары жазылған айрым адеби изертлеу жумысларын уйренип қарау, С. Мауленов жане Ш. Хожаниязовлар жинаған шғармалардынг толық сақланбағанлығын корсетеди. Мсалы: С. Мауленов ҳамь Ш. Хожаниязовлардынг 1937-жыллардагы қолжазбаларында Кунхожанынг «Неге керек?» қосығын жаздырған Нурман ғарры деген ксиден (Мойнақ, Ақбеткей) «Сағындым», «Жан анам қалды кейнимде» дейтугын қосықларды жазып алғанлығы ҳаққында ескерту бар.[1] Брақ бул қосықларды усы уаққа шекем ҳеш жерден табуға мумкин болмады. Сондай-ақ 1939—1940-жылларда белгили адебиятшылар Қ. Аимбетов ҳамь О. Кожуровлар тарепинен «Қарақалпақстан адебияты ҳамь искусствосы» журналында дага-

[1] Қарақалпақстан Комплексли илим-изертлеу институтынынг фонды, қолжазба, Ф-75. 595-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

заланған «Қарақалпақ адебиятынынг турлери» деген мақалада Кунхожанынғ «Науайы, Фердауси геройларынынг атлары ушырасатуғын қосықлары барлығы!» тилге алынады. Сол жылларда, созсиз болған бул қосықларды-да ҳазир табу мумкин болмады.

Кунхожанынг шғармаларын жинау сонгғы жылларда-да, басқа жинаушылар тарепинен-де дауам еттирилген. 1939-жылғы экспедиция уақтында Қ. Аимбетов ҳамь О. Кожуровлар Кунхожанынг «Кел, кел Хожа, озинге кел...» деп басланатуғын қосыгын жазып алған. Мазмунына қараганда қосықтынг ҳазирги бар тексти толық емес. Шаирдынг бирқанша қосықлары Қарақалпақстан Комплексли илим-изертлеу институты тарепинен 1954, 1955, 1956, 1957-жылларда Қарақалпақстанынг Мойнақ, Чимбай, Тахтакопир, Қонграт, Шоманай районларынынг территорияларында жургизилген экспедициялар дауринде жиналды. Олардынг қатарына «Бишара кеулим қыл талап...», «Сен хожамсанг, мен қулынгман...», «Аллияр тақсыр ханымыз...», «Сақу блен қабасан...», «Айдос би отти алемнен...», «Хожам саған не болды?...» деп басланатуғын қосықлары (булардынг барлыгы узинди туринде), қазақ ақыны Шерниязбенен айтысынынг узиндиси, Хиуа ханы «менинг он еки мушемди мақта» дегенде айтқан қосығынынг узиндиси, «Қазынынг ийти» қосығы креди.

1958-жлы усы мақаланынг авторынынг отиниши бойынша Қарақалпақстан халқ жрауы Қияс Қайратдинов Кунхожанынг бурын жазып алынбай яки басылмай жургеи қосықларынан «шалықлап мақсетли жерге бара алмай...» деп басланатуғын қосығын жазып тапсырды.

Кунхожанынг шғармаларын дағазалау иси 1938-жыллардан басланды.

Енг бринши мартебе дағазаланған Кунхожанынг белгили «Кун қайда?» қосығы. Ол 1938-жлы Ш. Хожаниязов ҳамь С. Мауленовлардынғ жазып алуында «Адеби Альманах» та басылып шықты. Сол жлы адеби журналда шаирдынг «Туйе екенсенг» қосығы «Туйе» деген атпенен басылды. Буннан сонг онынг «Жайлауым», «Умытпаспан», «Туйе екенсенг», «Орақшылар», «Шопанлар», «Бай баласы», «Жарымадым», «Не болдым?», «Елменен» деген белгили қосықлары қарақалпақ аузеки халқ творчествосы улгилерининг ҳамь классик шаирлар шғармаларынынг жинағы спатында шғарылған «Қара-



www.ziyouz.com kutubxonasi

қалпақ халқ творчествосы» деген топламда дағазаланды.

Кунхожанынг қосықлары озь алдына ктап болып бринши мартебе 1949-жлы Қарақалпақ Мамлекет баспасы тарепинен «Танглаулы қосықлар топламы» туринде басылып шықты.

Бул топламда шаирдынг бурын «Қарақалпақ халқ творчествосы» топламында дағазаланған қосықларыменен бир ге жангадан бриншн мартебе: «Сазан ау», «Ақ қамыс», «Берман қара», «Олген балық», «Арба», «Менинг куним», «Қзыл қум», «Хош енди», «Менинг балам», «Сок санар», «Қара тас», «Олим», «Арьманда» «Ким блер», «Ешким бар», «Кунхожа»[1]), «Коринбес», «Бара алмас», «Жетимнинг ҳақын жеп қойма» деген қосықлары, барлығы 30 қосық кирди. Бул қосықлар С. Мауленов, Ш. Хожаниязовлар тарепинен 20-жыллардынг басында, орталарында жиналған шғармалар.

Озбекстан ССР Илимлер Академиясы Қарақалпақстан Комплексли илим-изертлеу институты библиотекасынынг, Қазақстан Илимлер Академиясы Орайлық илими библиотекасынынг фондларындағы Кунхожа шғармаларын жинаушылардынг сол уақытлардағы қолжазбаларын уйренип қарау—бринши гезекте Кунхожа шғармаларынынг озининг коп белгининг дағазаланбай жургенлигин, екиншиден, айрым адебиятшылардынг устиртин илими қатиас жасауынан Кунхожанынг айрым шғармаларынынг басқа шаирлар атына откерилгенлигин, сондай-ақ елеули-елеули текстологиялық кемшиликлерди коремиз.

Кунхожанынг жарық кормей киятырған шғармалары коп. Ал, ис жузинде олар Кунхожанынг творчествосы ушын-да, жалпы откендеги қарақалпақ адебиятынынг тарихы ушын-да улкен аҳмиетке ие. Олар шаирдынг «Ойда», «Басты хор айлер», «Жау торғай», «Азулы», «Заман», «Изимбет», «Донгыз қабақ», «Ушқан қус», «Қайтып кел», «Қозим», («...Жарқырайсанг тунги жанға...» деп басланатуғын тури), «Балам олгенде», «Келин», «Суға кетти», «Коринбес», «Қобыз», «Ким единг?», «Жгирма бесте», «Ксрерсенг», «Сергиздан», «Малым бар-

[1]) Бзингше ктапты баспаға таярлаушылар бул қосықтынг атын «Кунхожа» деп хате қойған. Шнында, бул дереклер бойынша анықлағанда «Қашан коремен?», «Болар-ма екен?» деген еки қосық болуы тиис ҳамь ҳазирги жанга топламда усылайынша болип берилди. (И. Б.)



www.ziyouz.com kutubxonasi

да» деген қосықлары. Кунхожа шығармаларын жинаушы С. Мауленов ҳамь Ш. Хожаниязовлардынг тупь қолжазбасы бойынша Бердақ шаирдынг шығармалары спатында дағазаланып журген «Маған керек», «Жаз келер-ме?» (қолжазбада «Яз келер-ме?»), «Тойда», «Козим» қосықларынынг ҳақиқат авторы-да Кунхожа. Айрым жолдаслар илими дереклерменен ислеу маселесине жеигил қараң, турпайы турде бул қосықлардынг авторын Бердақ деп жазып жберген. Усы қосықлар жазылған Ф—75 ҳамь С—23 (№ 1080-нишы) қолжазбалардынг ишинде Бердақтынг қосықлары-да, Кунхожанынг қосықлары-да бар, олардынг екеуин-де жинаған бир адамлар—яғни С. Мауленов пенен Ш. Хожаниязов. Олар адамлардынг аузынан жазып алуы ямаса қысса даптерлерди кочирип алуы бойынша озь уақтында ҳарь қосықтынг авторын шатастырмай жазып қалдырған. Ал, Бердақтынг топламын 1940-жлы баспаға таярлауға қатнасқан айрым жолдаслар манаәбазлық асерименен Кунхожанынг айрым қосықларын Бердақтынг атына откерип жберген. Ал, Бердақ шығармаларын баспаға таярлау, изертлеу исименен шуғыллланған, қарақалпақ адебияты бойынша сабақлықлар, программалар жазған, хрестоматиялар дузген жолдаслар, сонынг ишинде усы жумыс авторынынг ози-де дасленки изертлеушилердинг изименен кетип қалған. «Жаз келер-ме?», «Маған керек» қосықларынынг хате турде болсын Бердақтынг атыменен ктап оқушылар арасында таралып кетуи-де бурын жберилген хатени дузетуден иркип келди. Биз бул жберилген хатени дузетуге еле уақыт кеш емес, деп есаплаймыз. Еле-де болса «Жаз келер-ме?», «Маған керек», «Тойда», «Козим» қосықларын ҳақиқат озь авторына беру керек, сонда онынг авторынынг творчествосына берилетуғын илими баҳа тағы-да толыгырақ ҳамь тағы-да дурысырақ болады. Бул қосықларды законлы авторына алып беру Бердақ творчествосынынг уллы аҳминетине ҳешқандай-да зиян келтирмейди. Сол сияқлы бул қосықларды биз Кунхожаға-да онынг дангқын улкейту ушын алып бермеймиз. Кунхожа бул қосықларсызақ улкен шаир. Бул ислажды биз илими ҳақиқат ушын ислеймиз.

Тупь қолжазбалардағы мағлуматлардынг устине текстологиялық жумыс жургизип қарайтуғын болсақ-та



www.ziyouz.com kutubxonasi

бул қосықларға Кунхожапынг авторлығы коп нарселерменен тастиқланады.

«Козим» қосығын алайық:

Бул қосық жинаушылар С. Мауленов, Ш. Хожаниязов тарепинен шаирдынг «Жарымадым», «Жайлауым», «Арьманда» қосықларыменен бирге Шарапатдин Закир улы дегеннинг қысса ктабынан жазып алынған.[1] Соған қарамастан қосық 1940-жылғы Бердақтынг топламына киргизилген. Қосықта шаир козининг соқыр болып қалғанлығын айта келип:

«Козим кормес, мени ғаплетлер басты,
Откердим азапта жетпис бес жасты...» деп[2])

жазады. Бердақтынг 1940-жылғы топламына кирген туринде-де даль усындай.[3]

Бизге Кунхожапынг қартайғанда козден қалғаны-да, 81 жасқа шығып олгени-де, сондай-ақ Бердақтынг козден қалмаганы-да, 73 жаста қайтыс болғаны-да малим. Мне усыған қарамастан Бердақ шғармаларынынг 1950-жылғы баспасын таярлаған жолдаслар-да бул қосықты Бердақтынг топламына киргизген ҳамь текстти Бердақтынг жасына тенгеу ушын 75 дегенди 71 деп озь бетлеринше озгерткен:

«...Откердим азапта жетпис бир жасты...»

Откендеги бир шаирдынг қосығын екиниши бир шаирдынг топламына блип болсын, билмей болсын, қулласы надурыс турде киргизип жберу тек бизде гана ушырасқан жагдай емес. Мсалы: туркмен классик шаиры Мақтымкулынынг 1926-жлы басылып шыққан топламына екинши бир туркмен классик шаиры Шабенденинг «Гоззалым» деген қосыгы крип кеткен, ал, рус шаиры А. Полежаевтынг «Ожесточенный» деген қосығынынг бир улкен узиндиси «И дышет все создании любовью» деген атпенен озь алдына қосық туринде екинши бир рус шаиры. А. Н. Плещеевтинг қосықлар топламына (библиотека поэта, малая серия, Ленинград, 1957-г.) крип кеткен.[5] Бул еки жағдай-

---

[1] ҚҚКИИ-нынг фонды, қолжазба, № 1080, С-23, 7-бет.

[2]) Бул-да сонда, 6-бет.

[3]) Бердақ. Толық жинак, 1940-жыл, 132-бет.

[4]) Б. А. Гаррыев «Махтымқулы ве онынг ватаншылығы! 1943-жыл, Ашгабат, 22-бет.

[5] Журнал «Вопросы литературы» 1958-жыл, № 1, стр. 255.



www.ziyouz.com kutubxonasi

да-да кеткен хате дузетилип, аты аталған қосықлар олардынг ҳақиқат авторларына алып берилген. Барлық адебият илиминдеги бул дастурь бизде-де булжытпай қолланылуға тиисли.

Кунхожанынг ҳазирги қосықлары топламында орын алып келген бул кемшиликлерди дузету мақул корилип, «Керек маған», «Жаз келер-ме?», «Тойда», «Козим» қосықлары Кунхожанынг топламына киргизилип отыр. Сонынгменен бирге топламды таярлауда илими макемелердинг қолжазба фондындағы бурын ҳамь сонғғы экспедициялар уақтыида жиналған материаллар барынша толық файдаланылып, тиисли текстологиялық жумыслар жургизу арқалы усы топламга киргизилди.

Кунхожанынг атына байланыстырылатуғын «Ылағым», дейтуғын қосық-та бар. Брақ бул қосықты айрым жолдаслар Жиендики, айрым жолдаслар Кунхожаники деп тусиндиреди. Буннан басқа еле изертлеуди талап ететуғын «Кунхожанынг қазақ қзы Улбикеменен айтысы», «Насият» дейтуғын қосықлары-да (жинаған С. Бекназаров) бар. Сонлықтан бул қосықлар топламға киргизилмеди. Онынг устине браз адамлар маглумат берген Кунхожанынг айрым қосықлары еле табылмады, ал базыбреулери тек узинди турнинде.

Сонлықтан Кунхожапынг шғармаларын жинау, изертлеу иси еле-де дауам еттириле берилетуғын жумыс болып есапланады.

*Бабаш Исмаилов.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖАЙЛАУЫМ

Ата журтым Туркстаннан келгели
Ата-бабам қоныс басқан жайлауым.
Анадан туғалы, есим билгели
Ойнап қатар оскен қалынг жайлауым.

Кун бойына байыр етип турақлы,
Мен кетермен арьманбилен жрақлы,
Қамыс орып алтау-жетеу орақлы,
Терис тобе, узын қайыр жайлауым.

Олим хабарынан келмей саза,
Енди айтайын созди аманлық таза,
Ержан атау менен шғысы Ырза,
Тенгизлерден ауқат еткен жайлауым.

Балық аулап Тоқтас, Мантик бойынан,
Балық шаншып жазда журген ойынан,
Шаншып сайлап журип жайын мойнынан,
Ата-бабам ауқат еткен жайлауым.

Абдимурат молла Ибрайымменен,
Жане қапталымда Измурат геренг,
Қтай, қонграт ҳамь-де қалынг елменен,
Ата-бабам ауқат еткен жайлауым.

Аласат табылса барлық ел кошер,
Қобейип тур арамыздан қан ишер,
Жетим жлап, ылақ манграп су кешер,
Арманбилен журермен-бе жайлауым.

Жайлауым Жалайыр, Қопир ҳамь Богет,
Су келер-ме деген бизде бар умит,
Шақақ урар ақыр бир кун қыз-жгит,
Арьманменен қайғыда оскен жайлауым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ауел-ҳа оскеним Кок озек бойы,
Адамнынғ жетер-ме шуғылға ойы,
Пуқаранынг таймагайлар тан-куйи,
Арьманменен оскен арзу жайлауым.

Қызларменен суҳбет етип билгенше,
Дослық, меҳрибанлық етип олгенше,
Сен арман тур, сен берман тур дегенше,
Арьманменен оскен арзу жайлауым.

Бекбан шагыл, Жанга судынг бойлары,
Шарқырауық, «Муйтен богет» жайлары,
Жайылған байлардынғ сансыз қойлары,
Козиме тотия журген жайлауым.

Кол сағa, Айырша, Тербенбес тенгиз,
Асресе Айыршада оскенбиз,
Брикенде кокейлерин кескенбиз,
Арьманбилен айра тускен жайлауым.

Жайлауым жай еди малим ҳаммеге,
Қуда бахыт бермеди-ме бизлерге,
Ҳасиретининг дағы енди жузлерге,
Арьманменен қалармысанг жайлауым.

Дартим қозғалады айтқанда сени,
Арзу-арьманбилен куйдирдинғ мени,
Сау болса ақыры адамнынг дени,
Саубет қурар бирге оскен жайлауым.

Дуньяда мен озим шартареп еттим,
Минети, гулпети, ғазапты куттим,
Бул азаптан ойлангызлар не еттим,
Арьманменен саугиликли жайлауым.

Бес тоқсан[1] муйтеининг ата-бабасы,
Аны туған меҳрибаны анасы,
Оршип-осип жалшымаған баласы,
Устингде олар-да оскен жайлауым.

---

[1] Бестоқсан—муйтенлердинг Хиуа ханлығына салық толегендеги саны, «бестоқсан»—деп жасырып корсетилген. Хақиқатында муйтенлердинг саны оннан коп (ред. Н. Т.).



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бирнешени мақсетине жетирип,
Бирнешениң қайғы-қапа еттирип,
Азаппенен ақыретин еттирип,
Мажнун кби арьманда оскен жайлауым.

Жайлауым-жайлауым, айтпасам болмас,
Бул азапты биз сорлыға ким қылмас,
Биз сорлыға ҳешким келип жол салмас,
Арьманбилен гузар еткен жайлауым.

Ҳақиқат жайлауым болмады менинг,
Олгенше арьманынг боларман сенинг,
Арьманда болар-ма жургенинг сенинг.
Арьманбилен гузар еткен жайлауым.

Мен озим алланынг қас бендесимен,
Озиме жургеннинг бас бендесимен,
Коз ашып коргеним, жургеним сен,
Арьманбилен гузар еткен жайлауым.

Озим ауеремен ҳақтынг исине,
Бир қудайым мадет бергей денеме,
Ылайықлы берген бунынгыз сань-бе?
Арьманбилен мен отермен жайлауым.

— ❀ —



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ОЛИМ

Ата-анам олди туысқан қалды,
Бул палек басыма аламат салды,
Ағалар бул олим ақлымды алды,
Кейниме тусти залым бул олим.

Бул олим азаплап менинг ҳалымды,
Қинадылар енди ширин жанымды,
Ашпады-ма менинг ол ығбалымды,
Кейниме тусти залым бул олим.

Шулап балалар қалды ата-аналап,
Мен журермен қай бир жерди паналап,
Бирнешенинг рысқалыны шамалап,
Келдилер басыма аға бул олим.

Корген сонг тнар-ма Кунхожа сози,
Йыглар бул азаптан адамнынг ози
Балалардынг ана деп бул айтқан сози,
Бул созиме қулағынг сал яранлар.

Алла бизди енгиретти, жлатты,
Сау денемди теспей залым қанатты,
Қайсы еллер, қайсы шаҳлар абатты,
Қулақ салынг бул созиме яранлар.

Жлап-жлап шрақларым ошеди,
Бул истинг тағдирин кимлер шешеди,
Йығлай-йығлай сорлы куни кешеди,
Не қларман енди буған яранлар.

Зар жлап отыр ғой уйимнинг иши,
Менинг жайым жертоленинг муйеши,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Еки ул бар аға озимнен кши,
Не қламан енди буны ағалар.

Жлайды бишара анасын айтып,
Дарть устине жане дартти молайтып,
Журермен дуньяда ағалар айтып,
Бир басқа бир заман тусти яранлар.

Бул басым берк екен жарылған емес,
Залымлардынг куни тартылған емес,
Бизлердей душпанлар сарылған емес,
Душпанларға бахыт берди яранлар.

Бул дунья отерсенг, ахырынг паны,
Алдадынг қиядан жол салып мени,
Сау болса адамнынг ағалар дени,
Бир басқа бир сауда болды яранлар.

Жетимлер телмирип жерди қазарлар,
Менинг булгенимди кимлер жазарлар,
Муҳмин қулға бермес едим азарлар.
Бир басқа бир сауда болды яранлар

Бул дуньянынг опасы жоқ бипаян,
Ол озинге сенинг ауелден аян,
Илаҗ душпанлар етпей знан,
Болмаса ҳал қиын болды яранлар.

Яранлар дауранлар бастан отер-ме,
Арьманменен мендей сорлы кетер-ме,
Я болмаса тағы қолым жетер-ме,
Арьманда айрылды енди ағалар.

Заман тар, ағалар қулақ салсангыз,
Менинг берген ақылымды алсангыз,
Тлегимди дослар қабыл қылсангыз,
Алла аманатын алғай яранлар.

Бул заман тарылды уақтым оть енди,
Не қлайын айтып енди ботендп,
Мен сорлы зар жлап ҳайран етеди,
Бир басқа бир заман болды яранлар.

Тенгизде ау салсақ ҳаргиз балық жоқ,
Бизди асырар шады-қуррам халқ жоқ,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мен сорлыға, ғариплерге жарық жоқ,
Қарангғы думанда қалдым яранлар.

Заман тарылып тур аспан тутылып,
Табаалмадым жолды барьқа умтылып,
Залым себебинен арьманда болып,
Бир басқа бир сауда болды яранлар.

Мен жларман бир аллаға зар-зар,
Басымды саудаға салсам жоқ базар,
Залымнан беглерим коп кординг азар,
Бир басқа бир заман болды яранлар.

Шаирлардынг қалем алып жазғаны,
Адамнынг-да шаян шағып азғаны,
Тулпарлардан ябылардынг озғаны,
Ажептауир заман болды яранлар.

Бул заман тарылды, кейнн болмады,
Залымлардынг қзыл гули солмады,
Кеулимнинг уақыты хош болмады,
Басқа ақырзаман тусти яранлар.

Мен жлайман зар-зар етип аллага,
Душпанлар қанықдур қуран, оллаға,
Тынгла созлеримни Жиемурат аға,
Бир басқа аламат болды яранлар.

Бреу олсе, бреуге бреу қарамас,
Қорққанынан арзы-ҳалын сорамас,
Адамларға жағдайлары жарамас,
Бир басқа бир заман болды яранлар.

Бул заманнынг гарти палек-пе, бать-пе,
Яки иштен кетпес таусылмас дарть-пе,
Пуқаралар солғын заманнан марть-пе,
Бир басқа замана болды яранлар.

Байға журсе жарлы ҳақын алалмай,
Ойнап соннан жаслар шалқып журеалмай,
Бир кеткенлер ел дидарын коре алмай,
Бир басқа бир заман болды яранлар.

Жеткерсин аллаға бенде наласын,
Таба алмай журь излесе панасын,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қара жер алған сонг ата-анасын,
Бир басқа ғамгунлик келди яранлар.

Қудайым айлейин аслыны барьбат,
Хор болып тур бул заманда ҳасыл зат,
Сонынг ушын бир аллаға мнажат,
Етемен зар жлап енди яранлар.

Дарьяда сулар жоқ, ақты қзыл қан,
Дем алыс жоқ, қиналып тур шбын жан,
Не бир адамларынг алаалмас миман,
Ашаршылық заман болды яранлар.

Жиемурат жина есингди тезден,
Душпанларынг басым женгилди созден,
Халқымнынг тлери усы ғой бизден,
Ашаршылық заман болды яранлар.

Яранлар созь тынгланг қулақ салмаға,
Қаст еткен душпаннынг ақлын алмаға,
Шын жаннетке досынгменен бармаға,
Қолынг былға, жолды силте яранлар.

Менинг созим ялғаншыда мунглы дур,
Мунглы болса-да жуда оиглыдур,
Менинг жолым ҳақ базирген жолы дур,
Мадет бергей бир қудайым яранлар.

Тынгланг менинг пида арзы-ҳалымды,
Озинг жеткергейсенг ырысқалымды,
Қинап залым менинг шбын жанымды,
Ата-анамды жерлер қушты яранлар.

Уа дарица, бул дуньяда қзық жоқ,
Ғариплерде азизлик бар, бузық жоқ,
Байгиден отсенг белли сзық жоқ,
Аламат, баламат болды яранлар.

Болмады дуньяда халққа ғанимет,
Халқ етсе, патша етпеди иззет,
Залымларға ҳешбир жараспас лаззет,
Деген созлер ырас келди яранлар.

Сонынг ушын бул дуньяда йығларман,
Азапбилен қара бағрым дағларман,
Қашан уақтым, бахтым келип шағларман,
Адамнынг рухи гада яранлар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ажайып саудалар тусти басыма,
Қуда раҳим еткей аққан жасыма,
Келсе-де не қылсын туған қасыма,
Бир басқа бир заман болды яранлар.

Созимди басладым барьҳа жол гозлеп,
Турақ жай таппадым дуньяны излеп,
Ретлери келсе гада коп созлеп,
Дуньядан жарымай оттим яранлар.

Ҳаққа кунде дады-парьяд етермен,
Бақ келмесе, арьманменен кетермен,
Азаппенен сум дуньядан отермен.
Отпесиме гуман бар-ма яранлар.

Сарғайды сары уайымнан ренгим,
Бул қысметпенен ҳеш уақ йошпайды кеулим,
Айрықша айтуға болмайды кеулим,
Бир басқа бир заман болды яранлар.

Эй кеулим, ойланып, коп сабыр қылғыл,
Озингнинг исинге мустакам болғыл,
Бизлердей болмағай қзы ҳамь улынг,
Бир басқа бир заман болды яранлар.

Аға беглер артық даулет нетейин,
Олгенимше барын айтып отейин,
Залымлардынг туплерине жетейин,
Десем-де, болмады талап яранлар.

Менинг алла тлегимди қабыл ет,
Ғарип ушын олгенше ет хызмет,
Илая болғай-да ойлаған ниет,
Бир басқа бир заман болды яранлар.

Усы гапти айтқан уақта тиллерим,
Қара болды тағы менинг кунлерим,
Қурысып сорлы ажинелерим,
Кейниме тусти қаралы олим.

Олимде опа жоқ, кетер козингнен,
Не пайда жгитлер айтқан созингнен,
Қайтарады душпанларынг тзингнен,
Бир басқа бир сауда болды яранлар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кетти ишкен асым бари уланып,
Отырғанда бала шаға шуласып,
Ғамгун болып ҳаммелери жласып,
Отырғанда арьмандаман яранлар.

Дуньясы қурысын, алдады мени,
Пир Али, Сулейман жалмады мени.
Уақия сорасанг усындай ани,
Қулақ салынг бул созиме яранлар.

Бузылғансонг орисинен уйирим,
Туысқанға бурып тур-ау буйирим,
Сауурға болмады жалғыз сырым,
Бир басқа бир заман болды яранлар.

Шеккеним омиримше жабиру-жапа,
Бир аллам еттилер мен сорды қапа,
Омирше сурмейин бир зауқы-сапа,
Басымыздан дауран ушты яранлар.

Бул заман тарылды, тартылды танап,
Омиримнинг азабын болмаспан санап,
Журмедим ағалар бир майдан шағлап,
Бул дунья ақырет болды яранлар.

Ишип шарап, ақ суын мурат тлеймен,
Бенденгди жарылқа енди Сулейман,
Налыс етип бир аллаға жлайман,
Заман ҳарь турлерге енди яранлар.

Залымнынг ушқыны кимнинг ушқыны,
Коксингнен арьманда шаншур шаншқыны,
Адамзаттынг раҳбари қашқыны,
Менингдеин болды-мекен яранлар.

Душпанға срынгны қылмағыл аян,
Узақ омиринге етерлер зиян,
Шағып денелерин улы ҳабь жлаң,
Бразлардынг омири отти яранлар.

Мен жларман бир аллаға зар айлеп,
Кеше-кундиз жалбарынып созь сойлеп,
Бул бзинг заманды ҳарамы билеп,
Заман ҳартурлерге донди яранлар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ядыма сақлайын барьҳама ҳақты,
Ашқайлар сиынсам бирубар бақты,
Астынан тускейлер душпаннынг тақты,
Бир басқа бир сургин болды яранлар.

Дни Хорезмге парьман айлеген,
Удайына халққа отирик сойлеген,
Залым болып елии-журтын билеген,
Залымлардан айра тусир яранлар.

Залымлардынг бир қлығы елғезер,
Оннан бетер халқты етер телбезер,
Қолынан келгенше табанға езер,
Бир басқа бир сауда болды яранлар

Шунынгдайын залымнынг қаҳери қатты
Қаҳари-зардабы жаныма батты,
Шунынгдайын залымнынг қаҳари қатты
Ажеп турли заман болды яранлар.

Ағалар кетпеди басымнан маужит,
Бермесе найлермен ладанға мапсут,
Бенделер жеткейлер плая мақсут,
Заман ҳарьтурлиге донди яранлар.

Бахыт келсе разы болайын,
Келмесе бақ, бул жургеннен солайын,
Озимнен улкеннинг тлин алайын,
Ақлыкамал ақылым аз яранлар.

Айра тустим туып оскен елимнен,
Қартайдым, дарьманым кетти белимнен,
Йырақ болып турғаным жоқ олимнен,
Бир басқа бир сауда болды яранлар.

Бирнеше адамнынг қудайы берген,
Аларны мастана козлерим корген,
Менингдек боп неше адамлар журген,
Ғарипке қол жетерме екен яранлар.

— ❀ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ОЙДА

Мен кеткели болды жетти жыл, жетти ай,
Азап-ақыретпенен омир отти-ай,
Елимди сағындым, дарьманым кетти-ай,
Ҳартурли хиял бар ойласам ойда.

Илажым жоқ қалдым байға тангылып,
Таспимнен нағып-ау қалдым жангылып,
Изде қалған ата-анамды сағынып,
Елжиреп кеуилим турмайды ойда.

Кирпикшешен кби меннен жирылып,
Мнау журмен букирейип, ийрилип,
Арқам жауыр болды қаптан сиырылып,
Созимнен болмаса, кушим жоқ бойда.

Еки қыз бир ул бар озимнен кши,
Танимнинг мадары, кеулимнинг хошы,
Келе-ме ағам деп уйимнинг иши,
Бугинлери олар екен не жайда?

Айрылмас қайғылар ишиме толып,
Мна сқылынан қалар майрылып,
Сур жлан қсымлап, шаянлар сорып,
Ғыжлаған уайым шықпайды ойда.

Ажайып бахытсыз, бахты қараман,
Бул заманда енди қалай қламан,
Ауылыма, уйге ешейин бараман,
Сонша жылғы жургенимнен не пайда?

Жайнап-жаснап шад болып журеалмай,
Ата-ана туысқанды кореалмай,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аманлықта барып барин блеалмай,
Аҳ урып қарайсанг ҳарькун, ҳарь айда.

Жумысты етсем-де жетпеди қолым,
Бахты ашылып онбей коп журген жолым,
Қалтамда жоқ аббаз шайы бир пулым,
Бул дуньяға шыққанымнан не пайда?

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАШАН КОРЕРМЕН?

Паяны жоқ булдуньяда,
Қашан анамды корермен?
Арманменен бул дуньяда,
Йығлап-йығлап журермен.

Дуньянынг жабри жаман-ды,
Душпаннынг басы аман-ды,
Байу-патшаға зор заман-ды,
Сонлықтан йыглап журермен.

Он жыл болды елден кеттим,
Хиуада хызмет еттим,
Елди сағынып зар еттим,
Халқымды қашан корермен?

Қара пул болмай табысым,
Келип тур мне намысым,
Абдимурат жақын достым,
Аулды қашан корермен?

Ядымнан анам кетпеди,
Бир кун бир айдай отпеди,
Тапқаным тамағыма жетпеди,
Аулды қашан корермен?

— ❀ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

## БОЛАР-МА ЕКЕН?

Бул журистен ҳаял алып,
Қдырып женг салып,
Дидилеген жерлерге барып,
Шадланар кун болар-ма екен?

Ажел қурығы жағам тутты,
Жлай-жлай омир отти,
Душпаилар азап корсетти,
Қутылар кун болар-ма екен?

Шапаным дземди жаппай,
Брин тапсам, брин таппай,
Жете алмадым муратқа-ай,
Жетер кунлер болар-ма екен?

Қатар-қурбы, сарбииазды,
Қсын айлеген жазды,
Жгитлердинг корки қыз-ды,
Корер кунлер болар-ма екен?

Қаҳари жаман ғазаптан,
Қутылынбас азаптан,
Мирими жоқ инсапсыздан,
Қутылар кун болар-ма екен?

Дуньяда шалықлап журип,
Ата-ана козин корип,
Азлы-копли омир сурип,
Журер кунлер болар-ма екен?

Азап-ақыреттен қутылып,
Алдымызға умтылып,
Қара қайғы душпанға келип,
Журер кунлер болар-ма екен?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Баурласты, қара козди,
Лаби паллы, шакер созли
Ярдан қалдырмағай бизди,
Корер кунлер болар-ма екен?

Қазақта болдық жазын,
Корсетпе капырдынг жузин,
Ата-ананынг козин,
Корер кунлер болар-ма екен?

Бес жыл аралап қазақты,
Басыма салып ғазапты,
Аман-есен қарақалпақты,
Корер кунлер болар-ма екен?

Қазақ ипанар созиме,
Яшлар тгилер козиме,
Коз тусип келген изиме,
Журер кунлер болар-ма екен?

Жетти жыллар жургенлердн,
Азап-ақырет коргенлерди,
Душпанга сазай бергенлерди,
Айтар кунлер болар-ма екен?

Бул созимди баян етип,
Аман-есен елге жетип,
Ургениш журтына кетнп,
Шадланар кун болар-ма екен?

— ❀ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚУН ҚАЙДА?

Ордық орақ, шаптық отын, қаздық жап,
Тердик масақ, ийнимизге салдық қап,
Жас омирлер гулдей солып болдық сап,
Бул журистен енди бизге кун қайда?

Орақ орып, омир бойы болдық қул,
Ислесек-те ала-алмадық қара пул,
Не жананлар байы олип қалды тул,
Енди буған жайнап-жаснар кун қайда?

Қуни-туни ордық пшен, салыны,
Гуздинг куни жидық пискен тарыны,
Омиринше бир тоймаған қарыны,
Аш, жалангаш биз сорлыга кун қайда?

Салық салып усы ҳалға ҳарьдайым,
Салығын салуға биз болдық қайым,
Бир жутым бул уақта болды уайым,
Бул журистен енди бизге кун қайда?

Ийинге тартарлық жане жоқ кийм,
Ҳамь-де ағайин жоқ, қауендер бейим,
Косилип жатарға жане жоқ уйим,
Бул журистен енди бизге кун қайда?

Тапқанымыз жетпей қара тенггеге,
Ауыстырып кийм алып киерге,
Ҳамь базарлық қатар-қурбы женггеге,
Алып барар енди бизге ҳал қайда?

Не пайда жгитлер жалғаншы дунья,
Алдады бизлерди жол салып қия,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қара басқа бул не деген уақия,
Бул журистен енди бизге ел қайда?

Ашығынг бар еди, талмадай бойы,
Қатарынан артық, ақыл ҳамь ойы,
Болар деп қуанған жақсылық тойы
Жиемурат коретуғын кун қайда?

Жиемурат, сенингменен едим дос,
Жер айдасам бирге барып салдым қос,
Жоқшылықтан қалдынг мне бугин бос,
Ашығынга жететуғын кун қайда?

Буяқтағы корген хорлық-азапты,
Куни-туни ауыр талапты,
Шай орнына ишкен айран шалапты,
Қушақласып айтатуғын кун қайда?

Қайғыдан қарайып қайнаған иши,
Блектен майрылып жоқ болған куши,
Сайымбетжан единг бизлерден кши,
Сақтынг сынбай журетуғын кун қайда?

Бес жасынгда ағангменен қой бақтынг,
Сен шопаны болдынг майда ылақтынг,
Жол тап жан шрағым, сынбасын сақтынг,
Жайнап-жаснап туратуғын кун қайда?

Қасымдағы еки бирдей жолдасым,
Қайғылыққа тусти менинг бул басым,
Козден кол-дарья боп ақтылар жасым,
Бул дуньяға шыққанменен не пайда?

— ❀ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЯРЫМ ХОШ ЕНДИ

Сарьҳауыз бойында отырма, турма,
Гулдинг шақасына булбил қондырма,
Ярым келмейди деп мойнынгды бурма,
Кетсем тез келермен ярым хош енди.

Қол былғап кейнимнен қарап удайы,
Кеуилимнинг кетти дарттен ҳаль-жайы,
Сен единг ғой бул дуньянынг сарайы,
Кетсем тез келермен ярым хош енди.

Мойныма тусипти залым қурығы,
Шбын жанға отти берген хорлығы,
Жазықсыз жандырды еткен зорлығы,
Кетсем тез келермен ярым хош енди.

Кесе журтқа кеттим, ерким жоқ баста,
Ғумша гулим солды, бул басым жаста,
Куни-туни қайғы, еки козим жаста,
Корискеймиз суйген ярым хош енди.

Залымлардынг тустим кеше қолына,
Айдады залымлар салып жолына,
Адамзат шғаалмай онгы-солына,
Кеттик суйген ярым енди, хош енди.

Бул басыма тусти менинг бул думан,
Аман қутыларым болдылар гуман,
Неғайбыл озиме қаларым аман,
Қайтып келгенимше ярым хош енди.

Жузим сарғышланды қайғы-қападан,
Окпем ҳамь осылды жабру-жападан,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Арьманменен отер болдым дуньядан,
Келгенимше ғарип анам хош енди.

Мен қайтып келгенше азып ҳамь тозба,
Аспандағы айға қолынгды созба,
Тағы басқа иске мойнынгды бурма,
Кетсем тез келермен ярым хош енди.

Ярым англап бул созиме қулақ сал,
Душпан бундай қылды, енди не ҳамал?
Оле ғойсам умытпағыл, ойынга ал,
Қайтып келгенимше ярым хош енди.

— ❀ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАЙТЫП ҚЕЛ

Артынгда қалдым ангырап,
Қуни-тунинде зар жлап,
Турарман ҳалынгнан сорап,
Суйген ашығым қайтып кел.

Тустинг залымнынг қолына,
Қурды дузақты жолынга,
Қарамады ҳеш ҳалыма,
Суйген ашығым қайтып кел.

Айдауда козинг жаудырап,
Буын-аяғынг салдырап,
Қалдым артынгда зар жлап,
Суйген ашығым қайтып кел.

Жонин тауып ҳарбир истинг,
Барын жумсап ҳамме куштинг,
Қу кейнинен откен оштинг,
Ғайратлы ярым қайтып кел.

Сен келмесенг жлай-жлай,
Мен олермеп арьманменен,
Шынлық ҳалы болып солай,
Мен олермен азапенен.

— ❀ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

Шағалалы колдей шалқымай,
Хожам саған не болды?
Қорғасындай балқымай,
Хожам саған не болды?

www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Айдос би кешти алемнен,
Аллақулхан хана келдим,
Айрылдым ширин паренгнен
Куйе-куйе жана келдим...

www.ziyouz.com kutubxonasi

* *
*

Бишара кеулим қыл талап,
Аллақулы хандан бугин,
Қылғыл дуасын рузы-шап
Айырма имандан бугин.

Бул асирде базим болды,
Хиуаҳи шаҳарь азим болды,
Аллақул Хорезм болды,
Ол шғып инсандан бугин.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚЗЫЛ ҚУМ

Мунарланып корписенг алыстан,
Не қыйынлық ислеринг оттилер бастан,
Басынгда журип мен етейин дастан,
Қрымнынг қрындай туринг Қзыл қум.

Басынгда сексеуил, маялыш, шенггел,
Жынггылынг тагы бар сенинг Қзыл қум,
Шыққан шоплеринге мен қойсам кеул,
Келбетлеринг сондай сенинг Қзыл қум.

Қара таудан кеин емес келбетинг,
Думанменен толып турады шетинг,
Ургин урип, оган бурылса бетинг,
Агысты богейди патинг Қзыл қум.

— ❀ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

Пайдасы ушын етек-женгди туререенг,
Кунлик ушын жаман шапан киерсенг,
Дауранынг откенин анық блерсенг,
Отыз жастан отип қырққа жеткенде.

— ❀ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЕШКИМ БАР

Еки қулағы салынған,
Сау деп манграп жалынған,
Он бес жыл журип алынған,
Рейм аға бир ешким бар.

Саурысын корсенг қалақтай,
Окпеси искен талақтай,
Сути таудағы булақтай,
Рейм аға ешким бар.

Акелсе камалға келтирген,
Ушь мезгил келип суть берген,
Жалғыз ылақ изине ерген,
Сиырдай аға ешким бар.

Жласа берсе қойдырған,
Ашлықты аз-маз қойдырған,
Бала-шағаны тойдырған,
Ағажан жалғыз ешким бар.

Қарасам аға ҳалынан,
Зият байдынг жузь малынан,
Адам журеалмас жанынан,
Жуда жақсы бир ешким бар.

Аузын ашып ангырайды,
Ерте турып мангырайды,
Алды-артына қарайды,
Сонынгдай жалғыз ешким бар.

Жалғыз болса-да мынгдай маған,
Айтарлық созь усы саған,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Айтсам жағар созим оған,
Жанымнан жақсы ешким бар.

Бир бреуге етип мрат,
Кордим аға жуда раҳат,
Кудайға жузь-де раҳмет,
Бир енди жалғыз ешким бар.

Ешкимнинг жақсы ылағы,
Адамнынг ерек шрағы,
Ешекке мегзес қулағы,
Ағажан жалғыз ешким бар.

Кешулер болса кешип кет,
Шешулер болса шешип кет,
Ағажан келип суть ишип кет,
Ағажан жалғыз ешким бар.

— ❀ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ИЗИМБЕТ

Аяғында етиги жоқ,
Уйинде ҳеш жетиги жоқ,
Айтар созге кеуили жоқ,
Бзинг агай Изимбет.

Арқасында топаны бар,
Жалғыз жаман шапаны бар,
Ол не нарсеге интизар,
Алағай ағай Изимбет,

Изимбеттинг изи коп,
Адамға жағар сози коп,
Қаумы-қарындас, кози коп,
Шалағай ага Изимбет.

Сойлесуге жанынг бар-ма,
Уйингизде напынг барма,
Ҳеш адамға аланг болма,
Ендиги адам Изимбет.

Ҳаркимге жуап берейик,
Шалықлап ҳамме журейик,
Барин снап корейик,
Жалғыз ага Изимбет.

— ❀ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖАУ ТОРҒАЙ

Жау шымшық жуда коп болды,
Жуеримди жеп болды,
Қарнына барып нуп болды,
Баян етсем жау торғайды.

Жуырып барып қос айдап,
Қуралына қарап жос айдап,
Бар кушимди талақ айлеп,
Созь етемен жау торғайды.

Арбалап тогин токкендей,
Тақиялап тухым сепкендей,
Асымды жеп бир еккендей,
Не қламан жау торғайды?

Данди себип мушым туйе,
Баратыр ишлерим куйе,
Минетиме болды ие,
Не қламан жау торғайды?

Тумсығын сугып даниме,
Қол салды минет каниме,
Жау шғар деймен басыма,
Удайына жау торғай бул.

Еккен тарым болды ушық,
Ислерим болды қиыршық,
Ҳарь жуериге бир шымшық,
Не қламан жау торғайды?

Жау торғай ангды алдырды,
Есимди жане талдырды,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бала-шағаны напақсыз қалдырды,
Не қламан жау торғайды?

Ол-да бизлердей болғай,
Унеми жоқ боп шырлап қалғай,
Бизлер бир муҳмин боз торғай,
Не қламан жау торғайды?

Айтайын енди созимди,
Солдырар мнау жузимди,
Ушырмасам шоқыр козимди,
Мурдар налет жау торғайды.

Ушырсам уллы дау болды,
Маған бир жаман жау болды,
Алдыма қурған ау болды,
Не қламан жау торғайды?

Жау торғайды жлан сорғай,
Алысуға ара шалғай,
Жақын достым қара торғай,
Жоқ қлайық жау торғайды.

— ❀ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

## АЗУЛЫ

Бул заман мақау-пестей,
Қарны су салған местей,
Гидирипдур балент-пастей,
Баян етсем азулыны.

Бзинг тары коп болыпты,
Айналасы шопь болыпты,
Шошқа қабан жоқ қлыпты,
Не қламан азулыны?

Жан алғыштай қабақ уйип,
Ҳарам кушин белге жиып,
Қауынымды кетти туйип,
Не қламан азулыны?

Меҳримсиз бул залым шошқа,
Барьҳа зиян уақты хошта,
Байға—жақсы, жаман—ашқа,
Не қламан азулыны?

— ❀ —

5 – 249

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ДОНГЫЗ ҚАБАҚ

Қулақ салынглар айтаман,
Кунде талап қып қайтаман,
Мна созди молайтаман,
Халққа малим донгъз қабақ.

Анау кун ғаплетте жаттым,
Душпанымды байлап аттым,
Шошқа келди қлын тарттым,
Шалқып кетти донгыз қабақ.

Мен жатырман қлын тутқан,
Талап етип қурып жатқан,
Шошқаны қоймай қорқытқан,
Улкен қурал донгыз қабақ.

Қормесенгизлер карамат,
Душпанларға коп маламат,
Шғарғанға рахмет,
Улкен қурал донгыз қабақ.

www.ziyouz.com kutubxonasi

* *
*

Шалықлап мақсетли жерге бараалмай,
Қатар-қурбыменен дауран суре алмай,
Бир тапқаным бир тапқанға қуралмай,
Бес табақтан аспай сол жыл қырманым.

Шны достым Бердақ шаир, Муртаза,
Белгили затымыз ау менен қаза,
Дуньядан ауере оттим Кунхожа,
Бес кун орынланбай мақсет-мурадым.

Куним сеннен кешти Арал тенгиз,
Ашлық, жаугершилик жыл-жылдан егиз,
Сексенбир жыл сеннен ауқат еттик биз,
Арал тенгиз жоқдур арьманым.

Ҳарким ядлап берер болсанг бизге қол,
Турли қзық ҳамь тамаша кетти мол,
Откен жерим Айрша менен илим жол,
Жеткен жери бир қуданынг парьманым.

Қатар-қурбы басын қосып жияалмай,
Қарным тойып бир кун тамақ жей алмай,
Омирликке путин шапан кийе алмай,
Жоқшылықтан қурып дингке, дарьманым.

Бир-брин сағынбай ер менен зайып,
Нан табалмай посып журген халайық,
Ат шоқай, қара-оленг бзинг ылайық,
Турин танымадым наннынг, жарманынг.

Байлар налысыма қулағын салмай,
Минетимди ҳешким есапқа алмай,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир айгы талабым жарты нан болмай,
Жгерим қум болды тынгланбай зарым.

Бирнешелер кетти Шабат, Марыға,
Бизлер қалдық шғыр егип жарыға,
Бир айына қырқағары тарыға,
Сол жлы толмады менинг қырманым.

Газап етип Хиуа бизди шақырып,
Тоғыз кунде зорга жеттик сабылып,
Ортаға шғарып сунгкиме кулип,
Тарыдай тогилди намыс ҳамь арым.

Кеул болип келбетиме қарамай,
Миман болып ҳал-жайымнан сорамай,
Қайта баслап мен алдына бараалмай,
Кеулимде дақ болды мақсетли зарым.

Омиримше қрын қарадынг худа,
Дунья қзығынан айлединг жуда,
Бир жарымай омирим болып тур ада,
Омирге бир кирмей динг-ке дарьманым.

Журегимди жарды таршылық заман,
Қатар-қурбы тенглик бермеген таман,
Кунхожа атым, уруымыз қалқаман,
Нан табылмай омир бойы жаурадым.

— ❀ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

## СУҒА КЕТТИ

Жорға минген жорғалардан,
Қарқараған қарғалардан,
Себепкер болып солардан,
Еки ашық суға кетти.

Алды-артын ойлай алмай,
Суға батты бойлай алмай,
Оншама коп сойлей алмай,
Еки ашық суға кетти.

Брининг-бри изинен,
Олдим деген яр созинен,
Ғайып болғандай козинен,
Еки ашық суға кетти.

Қулақ салынг айтқан созге,
Коринип тур айтсам козге,
Баян етпек керек бизге,
Еки сорлы суға кетти.

Ярынынг гуйинде олген,
Корин душпаны трилген,
Душпанларынан суринген,
Еки сорлы суға кетти.

Ашықлардынг айтқан зарлы созлерин,
Қулақ салынг озим баян айлейн,
Ояйын залымнынг еки козлерин,
Қулақ салынг барин баян етейин.

Олардынг дардинен тиследим бармақ,
Залымлар салған сонг аямай қармақ.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир басыма тусти бул ауыр салмақ,
Ада болмас ислер болды яранлар.

Қудретине еттим илая парьман,
Сенинг ислеринг етермен гуман,
Кун-куннен қапылып мнекей заман,
Ада болмас ислер болды яранлар.

Қосылысып қушақларын ашқанда,
Душпанына улы заҳарь шашқанда,
Залымлардан айра тусип қашқанда,
Ада болмас ислер болды найлейн.

Аға беглер тынгла қапылған жаҳан,
Ғарипликте еттим душпанға пинҳан;
Қарным тойып жемей кеткеним-арьман,
Бир басқа бир сауда болды найлейин.

Ғариплердинг қара болған бахтына,
Отлар жақсам залым патша тахтына,
Зулым етер удайына халқына,
Ада болмас ислер болды найлейн.

Бри айтты ашна табылғай деп,
Бизге қарамады қадир қудай деп,
Мендей сорлы қара бағрын дағлай деп,
Бир басқа бир сауда болды яранлар.

Мен йығларман яратқанға зар етип,
Бул азапты, бул хорлықты нала етип,
Азап-ақырет омиринше корсетип,
Бир басқа бир олим болды найлейн.

Бул зарымды менинг кимлер бледи,
Қарақапыл етти, козим кормеди,
Налыс етип, грияи болып оледи,
Бир басқа бир сауда болды яранлар.

Ашықлар яндылар сергил дартинен,
Айрылдылар арьманменен мартинен,
Қудайым сақлағай кеул гиртинен,
Ажеп тауир заман болды найлейн.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МЕНИНГ БАЛАМ

Ингалайды, шырқырайды,
Жубанбайды жласа,
Анасынан суть шықпайды,
Қанша ықлас қылса-да.

Анасы аш, балам жатыр,
Жубанбастан шырқырап,
Анасы-да қайғыда отыр,
Қапталында зар жлап.

Балам менинг шарға болды,
Анасынан суть шықпай,
Ашлық болып гулдей солды,
Адым атып журе алмай. .

Менинг балам бала еди,
Душпаннан ошь алғандай,
Менинг балам сондай еди,
Жауға ойран салғандай.

Менинг балам,
Кейниме ере алмай,
Мен-де оны,
Аяйман-да жлайман.
Журмен озим жақтылықты коре алмай.

Менинг балам
Кем емес еди басқадан,
Қоймады аллам,
Алып оны жасынан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Менинг балам
Олди еки жасында,
Бараалмадым оған шдап,
Коп жладым қасында.

Менинг балам
Жақсы еди ақыллы,
Коп жасамай олип кетти,
Болмай менде турақлы.

Олди балам,
Маған енди келмейди,
Жласам-да,
Құдай маған бермейди.

Менинг балам—
Олмегенде палуан боп,
Бел буынып—
Тусер еди гуреске.

Менинг балам—
Олип кетти,
Дедигине жетеалмай,
Омир жасын қысқа етти,
Адым атып журеалмай.

Менинг балам сау болганда—
Журер еди сайранлап,
Олим оғы тимегенде—
Гуресер еди бел байлап.

Менинг балам—
Гулдей солды жасынан,
Ис ахыры сондай болды,
Отти бул-да басымнан.

— ❀ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

## БАЛАМ ОЛГЕНДЕ

Қайғы менинг кеуилимди
Қайнатып ҳамь қаплады,
Гурмелдирип бул тлимди,
Қуанышымды саплады.

Балам олип,
Аш беллерим қайысты,
Қеуилимди кернеп тлип,
Айрылмастай қайғы етти.

Сонан бери
Оли емеспен, трімен,
Қазып барьҳа кеул кри,
Олилердинг бримен.

Балам олди,
Қайтып маған келмейди,
Қалдынг қақсап,
Олдинг, маған демейди.

Шерли журек
Қайгыменен қаплапып,
Елден ерек,
Менинг балам олгенде.

Менинг балам емес едн,
Ол бир коптинг баласы
Балам олди,
Қайғырды журт,
Жласты,
Бауырласлар —
Коп сарсылып шуласты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Балам олди,
Белим сондай қайысты;
Алеп-жалеп болып
Кеулим қабарды.
Қайғыларменен бул қайғы
Тарқар-ма екен
Бул омирим ишинде.

— ❃ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

## БАЙ БАЛАСЫ

Астына мнип жорғаны,
Қиипти онгкей торқаны
Қасында болыс, порқаны,
Сондай болар бай баласы.

Тарлықты ҳешбир ойламас,
Ылақ шаvып тойдан қалмас,
Айтқанынга қулақ салмас,
Мен-мен болар бай баласы.

Жаман болса-да жақсыдай,
Атағы бар сондай-сондай,
Келген созлерге тартынбай,
Сойлер еркин бай баласы.

Қызларды корсе қзығып,
Созь салғанша асығып,
Жайранглайды, журмсс буғып,
Сондай еркин бай баласы.

Болса-дағы мурны пушық,
Мынгқ-мынғқ етип айтар қосық,
Келбетин қарасанг пасық,
Сонда-да зор бай баласы.

Арқасы болса-да букир,
Ҳалын блип етпес шукир,
Иши қара толған пкир,
Арданглайды бай баласы

Аузы жыртық болса-дағы,
Еситпесе-де қулағы,
Қисық болса-да аяғы,
Дузу-санли бай баласы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Болсадағы кози соқыр,
Етсе-дағы мурны пыр-пыр,
Тойда корсенг алдында отыр,
Сондай сулу бай баласы.

Қол созып ушқан қусларға,
Салқын тусирип жазларға,
Ылақ таслайды қызларға,
Кеули осип бай баласы.

Қызлардынг иши куйеди,
Басларын жорта иеди,
Ҳарким тапканын туйеди,
Той баслайды бай баласы.

— ❀ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚОРЕРСЕНГ

Жасынгнан жетилип дуньяга шығып,
Асық ойнап, ойын топларын жиып,
Жаз болса бреудинг ылағын бағып,
Шоллерди ҳамь қзыл қумды корерсенг.

Манглайынга питкен малынг болмаса,
Астынга мнерге атынг болмаса,
Ҳамде қоранг толы қойынг болмаса,
Жоқшылықтан не қорлықлар корерсенг.

Паналап жатарга уйинг болмаса,
Уйингде ишерге асынг болмаса,
Керегинг уақтында тайын турмаса,
Бреу келсе жерге крип олерсенг.

Козинг жайнап қарап ояқ-буяққа,
Тленип барарсанг енди қаяққа,
Ештенге бере алмай келген қонаққа,
Уялып ақырет-азап корерсенг.

Бала-шағанг болса ҳаммелери жас,
Киерге киим жоқ, болса жалангаш,
Сатарга малынг жоқ ҳамде болсанг аш,
Оларға тамақты қайданберерсенг.

Жоқ болса сауарлық сауынга малынг,
Жаздынг кунлеринде не болар ҳалынг,
Гузе алып айран сорап ҳаялынг,
Кемтарлықтан коп ақырет корерсенг

www.ziyouz.com kutubxonasi

## СЕРГИЗДАН

Басынгнан кетсе мийингиз,
Ашылар сонда жуйингиз,
Боларсанг сонда сергиздан,
Ашылмаса кунингиз.

Аш болмасанг мий кетпес,
Қарыны тоқта болар ес,
Жоқшылықтан жойылып,
Қайғыланбай кунелтпес.

Ойиап журген балаларым,
Коз моншақтай улларым,
Жоқшылықтаи жойылып,
Ағарды сақал-шашларым.

Сергиздан болдым жасымнан,
Ықтияр кетип басымнан,
Қолымнан малым кеткели,
Айрылдым жақын досымнан.

Малынг болса санинг бар,
Сонда ғана кунинг бар,
Малсыз уйлер болған сонг,
Суйетуғын кимим бар.

Корер козим кор болды,
Кокирегим жер болды,
Қолымнан малым кеткели,
Конглим толы шер болды.

— ❀ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАЛЫМ БАРДА

Малым барда қайғым жоқ,
Койлегим кок, қарным тоқ,
Журуши едим сайранглап,
Кетти бугин дунья боқ.

Коп малымнынг барында,
Мнип едим жорғаны,
Қорада қойым турғанда,
Киип едим торқаны.

Жорғаға салдым алтын ер,
Ала қайыс жуенлеп,
Енди болдым қара жер,
Ешек миндим тобелеп.

Жаланг аяқ жар кештим
Тарлықтынг тусип торына,
Ылайтып аққан су иштим,
Аппақ қатық орнына.

Малым барда торть тулик,
Бри қалмай сай еди,
Озиме дунья жетерлик,
Ишкеним аппақ май еди,

Қолымнан малым кеткели,
Жанған оттай тутандым,
Басымнан дауир откели,
Қуарған қу атандым.

Бауырласлар —
Коп сарсылып шуласты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тарлықтынг тапты урысын,
Конгилимде кетти арьман.

Қолымда малым турғанда,
Устем едим Оразға,
Басымнан бахыт тайғанда,
Ҳалым кетти не пайда,
Жетпейди ҳалым бул уақта,
Бипорынсыз шақырған —
Қорадағы қоразға.

— ❀ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚЕЛИН

Шықтынг бижағдай шетиме,
Қорықтынг-ба, балам неге,
Жалт-жалт қарайсанг бетиме,
Мен-де кеулинг бар-ма келин?

Шашынг узын, бетинг аппақ,
Қасларынг қиғаш ақ тамақ,
Бахтынг байлаған ахмақ,
Қайда журдинг жас келиним?

Қсым-қсым беллеринг,
Шириннен татлы тиллеринг,
Жаудырап еки козлеринг,
Тутқын болып турсанг келин.

Енди етип ерте талап,
Кор озинг-де бахтынг снап,
Ерте бастан тенгиингди тап,
Суймесингде турма келин.

Жасынгнан окпенг осылып,
Окпенг арьманменен жосылып,
Кеул суймеске қосылып,
Қайгыменен турсанг келин.

Қара қасларынг қиылып,
Байқасам белинг тауланып,
Қайғылы ата уланып,
Суймесингде турсанг келин.

Қарасам сенинг қаддинге,
Кимлер келеди пастинге,
Жаман жараспас дастинге,
Озь тенгинге қосыл келин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Откерме омирди зая,
Бир озинге тле сая,
Дуры жолдан кетпе қия,
Озь тенгингди тапқыл келин.

Келин қарап қайнаға,
Хызмет етер атаға,
Қул болып қуры патаға,
Бул хорлықта журме келин.

— ❀ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҮМЫТПАСПАН

Омиримде бир ис кордим,
Буны ҳеш уақ умытпаспан.
Жанга едим ҳамь гонердим,
Оны ҳеш уақ умытпаспан.

Хиуа ханнан адам келди,
Шулатып ҳамь барлық елди,
Қайыстырып мықлы белди,
Буны ҳеш уақ умытпаспан.

Шбын жанға ғазап етти,
Сонда бизге дерек жетти,
Хиуа ханы алып кетти,
Буны-дағы умытпаспан.

Айдады бизди Хиуаға,
Қоймай бир майдан сауаға,
Дарть устеме болды дауаға,
Буны ҳеш уақ умытпаспан.

Қайыққа миндик дарғада,
Коп ойландық ол жағада,
Жласты ини-ағa-да,
Буны ҳеш уақ умытпаспан.

Дарғадан оттик аржаққа,
Интизар болдық бержаққа,
Журесенг деди сол жаққа,
Оны-дағы умытпаспан.

Бес-алты бақсы қуралды,
Бул истинг жони соралды,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кеул ҳарь иске таралды,
Омиримше умытпаспан.

Қоз жас тогилип далаға,
Қарамай ата балаға,
Келдик атақлы қалаға,
Буны ҳешбир умытпаспан.

Ушь ағаш тур кенг майданда,
Орналасып қзыл қанға,
Қиылып ҳамь шбын жан-да,
Турғанларын умытпаспан.

Бул дар екен корннген,
Коп адамлар илдирилген,
Табанлары тилдирилген,
Буларды ҳеш умытпаспан.

Адам олген жайып қушақ,
Коздинг жасы моншақ-моншақ,
Қолларында откир пшақ,
Жаллатларды умытпаспан.

Кирдик қалаға тез журип,
Анталады итлер урип,
Тахт устинде дауран сурип,
Турған ханды умытпаспан.

Ертенгине ханға бардық,
Жай-жагдайды ҳамь-де айттық,
Етти бизлерге жаманлық,
Буларды ҳеш умытпаспан.

Жиылыпты гуллан бақсы,
Ким жаман, ким жақсы,
Жасауыллар болып сақшы,
Снады сонда бизлерди.

Жақсы болса айтқанлары,
Ҳамь дауысы шыққанлары,
Босанг ҳамь-де шаққанлары,
Деп снады Хиуа ханы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонгғы куни келди гезек,
Жаз кунлер ҳамь болды гузек,
Болдым сонда жетим гожек,
Ақ бетимнинг қашты қаны.

Шерттим дутар, айттым қосық,
Кеуилимде қайнап қосық,
Табылмады ҳешбир дослық,
Кобейди коптииг душпаны.

Бақсыларга байрақ берди,
Жақсыларды жаман корди,
Лапкой деп шауқым котерди,
Мен оларға ҳеш жақпадым.

Акелди алдыма туйе,
Жағылды бетиме куйе,
Олимтикке болдым ие,
Буны ҳешбир умытпаспан.

Хиуа хан келди қасыма,
Салды заулимди басыма,
Қарамай аққан жасыма,
Аққан терди тынгламады.

Қотыр туйе байрақ алдым,
Басқасынан қуры қалдым,
Умытпасқа ойга салдым,
Омирликке тамға етип.

Менинг арым келди оған,
Келеалмады тамыр-туған,
Бизди буған несип қылған
Умытпаспан олгенимше.

Мен ойладым сол уақытта,
Хан ақылсыз деп тахтта,
Озь исиме болып пухта,
Қупиялап қосық айттым.

Хиуадан алған сиым сол,
Аулга қарап тарттым жол,
Байланды абден еки қол,
Бул хорлықты умытпаспан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қайтып Хиуаға келмеспен,
Созь айтты сра демеспен,
Озь ерkимди ҳеш бермеспен,
Хорлықларын умытпаспан.

Хорлығы отти озиме,
Жаслар келтирди козиме,
Қалғанлар қарап созиме,
Мени-дағы умытпаспан.

— ❀ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТУЙЕ ЕКЕНСЕНГ

Шок дегенде шогермисенг,
Коп жасаған туйе екенсенг,
Тоқтамыстан аррағырақ,
Шынгғыс ханды блермисенг?

Сизге айтаман туйе жора,
Бир козинг кор, арқанг жара,
Прингиз дур Ойсылқара,
Оларды ҳамь блермисенг?

Жанлық при Шопан ата,
Малдынг при Занғги баба,
Жылқы при Жылқышы ата,
Оларды ҳамь блермисенг?

Патшалық жол буннан қалған,
Қусты жинап зауал салған,
Жер жузине патша болған,
Сулейманды блермисенг?

Туйе болсанг малдан озған,
Бура корсенг арқанг қозган,
Шилпе-шилпе козинг тозган,
Барин туйем корермисенг?

Қозғалмайсанг тигендей оқ,
Мойнынгызда ажел қурық,
Айтқанымнан хабарынг жоқ,
Бир жуабын берермисенг?

Шылбыр емес, буйданғ аур,
Қуртлар жеген қатпа бауыр,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Озинг арық, арқанг жауыр,
Туганынгды блермисенг?

Шынгғыс ханнан беррегирек,
Мадеминнен аррағырақ,
Кийип откен зер-зербарақ,
Мадрейим ханды блермисенг?

Адамзатпенен исинг жоқ,
Иелер сени ксинг жоқ,
Аузынгда жалгыз тсинг жоқ,
Жантақ жеуди блермисенг?

Ойлап-ойлап, ойлап турсам,
Шаҳарге пайтақ жар урсам,
Тобелеп ет қлып сойсам,
Наспай пулы болармысанг?

Патшанынг сенсенг жас малы,
Уқсаған малға дусмалы,
Мадемин ханнынг бас малы,
Жети атангды блермисенг?

Жаҳаннынг келген апаты,
Шаҳнынг берген бизге аты,
Хиуа ханынынг зияпаты,
Жол қарежет болармысанг?

Семирсин деп жем берди-ме,
Жем берсе-де кем берди-ме,
Қангтарыпты дем берди-ме,
Буны нарым блермисенг?

Кел дегенде келермисенг,
От жеймен деп журермисенг,
Козинг соқыр сусармысанг,
Усы уақытта олермисенг?

Сенде қурап қалған ткеш,
Ат қошшылар буйдасын шеш,
Қара бура қисық оркеш,
Заманынгда туйе екенсенг.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Оспей-шықпай қалған жуниң,
Ози жасық арық етиң,
Ҳарам олин дузде кониң,
Қалатуғын туйе екенсең.

Кулки болып ярға, досқа,
Шежиредеги қалған нусқа,
Буннан жақсы кеткен босқа,
Коп жасаған туйе екенсең.

Айры оркеш, келбетиң зор,
Коп жас миип қурынты тор,
Қартайғанда болыпсаң хор,
Заманыңда туйе екенсең.

Сеннен туған тайлақ болса,
Бул-да берген силық болса,
Толиңменен байрақ болса,
Оннп-осер туйе екенсең.

Коп жасаған туйе олжа,
Мақтумқулыдай алдың болжа,
Ауере болған Кунхожа,
Заманыңда туйе екенсең.

— ❀ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ОРАҚШЫЛАР

Полат орағы қолында,
Жүрген талаптынг жолында,
Атыздынг онглы-солында,
Жүрген кун-тунь орақшылар.

Ийниинде кунлик шапаны,
Пақалға тырналып саны,
Барқулла қиналып жаны,
Атызда журь орақшылар.

Беллери томен бугилип,
Оннан-да бетер ийилип,
Козинен жасы тогилип,
Зар жлап журь орақшылар.

Туған жерлерин сағынып,
Қайгыдан ҳайкел тағынып,
Ҳал сорасқанға шағынып,
Қайғыда журь орақшылар.

Оскен жерине жетеалмай,
Жумысты таслап кетеалмай,
Асқар қумлардан отеалмай,
Қайғыда журь орақшылар.

Тапқаны жетпей тиынға,
Иси айналып қиынға,
Келеалмай тойға, жиынға,
Зар жлап журь орақшылар.

Орақшылар ойланады,
Танде жаны қиналады,
Жипсиз коп уақ байланады,
Ҳақы аздур, минети коп.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Не қылсын олар қиланбай,
Жумыс ислейди бир тынбай,
Аул-елине қайтаалмай,
Жүрген мнау орақшылар.

Қарасанг жузлери сары,
Орғанлары пулсыз тары,
Бул ислерге келип ары,
Жүрген мнау орақшылар.

Аулға аман қайтқайсыз,
Балаларынгды қуантқайсыз,
Душпанларды мунгайтқайсыз,
Хош аман бол орақшылар.

— ❀ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЕЛМЕНЕН

Перзентсиз муҳминге тил тигизбенглер,
Перзентсиздинг куни кешер зарбилен,
Шын ашықтынг тарип етсек мсалын,
Кеули толар қосылғанда ярбилен.

Бирнешелер киип қамқа паршалар,
Алтынменен толтырса-да аршалар,
Халқынгды сораса зулым патшалар,
Қассап янглы купи кешер дарбилен.

Адамға қаст етип мирими келмес,
Ким жаман, ким яқшы?—парқыны билмес,
Жласанг-да коздинг яшыны кормес,
Патшанг жаман болса кунинг зарбилен.

Уламаға керек дуры созлемек,
Ҳақ жолменен шариятын гозлемек,
Халқтынг онгар жағын барьҳа излемек,
Байланысып туйин шешу елменен.

Бир-бреуге туысқанлық бермек қол,
Қара тунде сарьдар болып аппақ жол,
Пту ушын удайына онглы-сол,
Ислеу керек барлық жағын елменен.

Аспанға ушарсанг болса қанатынг,
Шад боларсанг шадлы болса елатынг,
Халқынгменен болса тлек-муратынг,
Сапа сурсенг узақ сапа жылбилен.

Алдынгда жол баслар ағанг ҳамь болса,
Жаптан туры ағар суынг ҳамь болса,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ексенг гулинг ғуншаланып солмаса,
Қеулим шадланады узақ жылбилен.

Опасыз дуньяға келген ордектинг,
Аспанда ушып халққа жетпес жуйриктинг,
Қол жағалап кол ишинде кунелткен,
Қуни ҳарь қашан-да онынг колбилен.

Опасыз дуньяда ашылған гуллер,
Қапестеги сайрап турған булбиллер,
Дуньядағы бағу-ҳарем, шаменлер,
Онынг рауиши, корки елбилен.

Атқа мнип даңгқын кокке жетирген,
Қсымлығын куннен-кунге отирген,
Озине жаққаннынг исин птирген,
Олардынг ҳамь куни кешер елбилен.

Ғазине толысы алтын ақшанынг,
Ҳаули-ҳарем жаие бағы-бақшанынг,
Халқты сорап турған хану-патшанынг,
Шалқығаны ғарип-қасер елбилен.

Маруерттен салынған сарай жайлардынг,
Аспандағы жақты, жарық айлардынг,
Мсалы коп дуньяда мунгсыз байлардынг,
Шалқуына себеп сорлы қулбилен.

Адамнынг коркейип адам болмағы,
Адамнынг шалықлап шадлы болмағы,
Адам деп уллы атақ алмағы,
Есигинде уйир-уйир малбилен.

Халқымнынг халқ болып халқ болуы,
Қаранггы тунектинг жарық болуы,
Кокиректинг шадлықларға толуы,
Талап етсе, ҳужим етсе елбилен.

Дуньяға биқарар келгенин билмес,
Я алыс болса-да жургенин билмес,
Узақ жолға журсе олгенин билмес,
Ғошжақ жгит удайына қызбилен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Арьманынг жоқ бул дуньяға шыққан сонг,
Арьманым коп қайғыға ишим толған сонг,
Ҳаслынг адамызат сенинг болған сонг,
Уақтынгды откерсенг яқшы ярбилен.

Озинг пуқарага жуда жай болсанг,
Халқтан асқан даулетли бай болсанг,
Жақты бу бир айдан зият ай болсанг,
Омир сапа сурер едик халқбилен.

Жамандай қлығын ҳаргиз басламас,
Тарыққанда коз жасларын жасламас,
Омиринше олмегенше тасламас,
Жолдас болсанг узақ жолға мартьбилен.

Мақтымқулы мағрип отти дуньядан,
Арьманменен жоллар салып қиядан,
Отеалмай богетсиз тенгиз, дарьядан,
Омиринше купи отти зарбилен.

Мен йығларман корип заманнынг турин,
Барьҳа баян етсем созимнинг барин,
Душпанларым жайды созининг зарин,
Козим греуленди барьҳа тунменен.

Шаир Хожа ҳаққа мнажат етер,
Ақлынан айрылса пинҳана етер,
Бул дунья арьманда дарбедер отер,
Козим греуленди барьҳа тунменен.

Мен йығлайман, аллаға налыс етермен,
Бул дуньяда, бул қапесте нетермен,
Арьманбилен дауаласып кетермен,
Олгенимше разыласып елменен.

Мақтымқулы мағриптей алдынгды болжа,
Олген сонг аларсанг тлингнен олжа,
Қысқарт созди сорқайнаган Кунхожа,
Олгенингше хошласып кет елменен.

— ❀ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

## НЕГЕ КЕРЕК?

Сайраған булбил болмаса,
Иши ҳауазға толмаса,
Барқулла жайнап турмаса,
Ашылған ғул неге керек?

Сарқырап суы ақпаса,
Еккен егинлер қанбаса,
Уақтында тасып-тынбаса,
Аққан сулар неге керек?

Узақтан козге туспесе,
Шамалы қатты еспесе,
Тобеси бултқа тимесе,
Асқар таулар неге керек?

Жадырап жазы болмаса,
Шуақлы когал қылмаса,
Озь уақтында жаумаса,
Қара жамғыр неге керек?

Корген нарсени алмаса,
Патленип қанат қақпаса,
Жоқ жерден ангды таппаса,
Қаршыға қус неге керек?

Қарасын узип кетпесе,
Артықша қару етпесе,
Қашақ қоянға жетпесе,
Қайынг тазы неге керек?

Озалда тосин кермесе,
Танглап жемлер жемесе,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Байрақтан озып келмесе,
Дал бедеулер неге керек?

Беллерин беккем бумаса,
Өткен ошлерди қумаса,
Анадан артық тумаса,
Пасық перзент неге керек?

Бойы күн сайын оспесе,
Душпан кокейин кеспесе,
Таймай гуреске туспесе,
Қорқақ палуан неге керек?

Халқтынг арын арламаса,
Бары-жоқты барламаса,
Аш ҳамь тоққа қарамаса,
Ауан басшы неге керек?

Халққа адил болмаса,
Жлағанды жубатпаса,
Халқ татқанды татпаса,
Тахт иеси неге керек?

Еки жақты тенг кормесе,
Дуры адиллик бермесе,
Халқ татқанды татпаса,
Катқудалар неге керек?

Қайыры ашқа болмаса,
Қарыны майга толмаса,
Дуньянынг жузин шолмаса,
Аса байлық неге керек?

Халққа сози жақпаса,
Дарьядай болып ақпаса,
Елди жаулардан бақпаса,
Қуры батыр неге керек?

Ата-анасын кутпесе,
Айтқанларын ҳамь етпесе,
Ата-анам демесе,
Жаман перзент неге керек?

Күндей кулип-жайнамаса,
Булбил-болып сайрамаса.
Қуанысып ойнамаса,
Қу омирли ер неге керек?



www.ziyouz.com kutubxonasi

## БАСТЫ ХОР АЙЛЕР.

Бул дуньяға шыққан ғапыл адамлар,
Басынгды муҳминниг бир кун хор айлер,
Қайыр-сақауатсыз тағы зулымлар,
Ақыры болмаса басты хор айлер.

Булбил кби болажақты сайрасанг,
Ғуншаланып гуллер кби жайнасанг,
Ишинде қумғанныиг судай қайнасанг,
Онда сениңг бар кушингди зор айлер.

Аударм асанг туры жолға ойынгды,
Котерткизбес бреу ақыр бойынгды,
Жабру-жапаблен ашу-тоғынгды,
Ит пенен қусларға ангаму айлер.

Бахты ашылса солсанг-дағы жан берир,
Ай-кун блен нур саулели нур горир,
Ҳаркимге мунасып торде йол берир
Онынг парқын билген уақты хош айлер.

Ақыл жора бул созимди ғамь-де тут,
Аспану-заминди алса-да гунггирт,
Жел қуып думанды, бир кун кетер булт,
Булт кетсе басты даньдана айлер.

Жақсынынг жомартлық крер кеулине,
Онынг қуда берер ығбал-пейлине,
Жақсынынг халқ ерер қалмай кейнине,
Жаманнан бас болса басты хор айлер.

Саркардаға ақлы-дана мол керек,
Журер соқпақ, туры гузар жол керек,
Сапасы коп, қуат-кушли қол керек,
Булардайын болса куши зор айлер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Анамнан туғалы ашылмай козим,
Дат енди мен бир алла, мен бир озим
Аҳ урсам аспанға жетер бу созим
Уақтым хош болмаса дат-бирьян айлер.

Жиемурат единг танде қуатым,
Аҳ урганда белде дарьман-мадетим,
Сени айтпақ уйренискен адетим,
Шаир Хожа аганг дат-бирьян айлер.

— ❀ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

## АРЬМАНДА

Қартайдым, жас басты озимди менинг,
Душпан тынгламады созимди менинг,
Сарғыш басты айтсам жузимди менинг,
Олер болдым бул дуньядан арьманда.

Кунхожа атагым қалды кейнимде,
Мангкур-нунгкур периште бир игнимде,
Нала шегип мен отырман шул кунде,
Сонынг ушын мен отырман арьманда.

Дуньялар қурысын раҳати жоқ,
Душпанлар қурысын маҳанати жоқ,
Бул нший замандур раҳати жоқ,
Маҳнетим копликтен кеттим арьманда.

Атам олди раҳатимди кореалмай,
Шалқып шады-қуррам болып журеалмай,
Омиринде шалқып дауран сурeалмай,
Нигарымнан кетип турман арьманда.

Бирге шықтым енгбеклея билмедим,
Ушь жасымда шақалақлап кулмедим,
Тилсиздей телмирип телбезер болдым,
Мне кеттим бул дуньядан арьманда.

Қурысын бул дунья, раҳать кормедим,
Тенги-досымменен ойнап-кулмедим,
Шуғыллардынг созлерине ермедим,
Сонынг ушын кеттим мне арьманда.

Бул дуньянынг бизге паяны бар-ма,
Менингдей бахытсыз, бахытқа зар-ма,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Иштим асқатықсыз омиримше жарма,
Асқатықсыз кунлер жуда арьманда.

Арьманым сонынгдай таусылмайды,
Йығласам-да, тлек қабыл болмайды,
Залымлар моҳмиииинг кеулин алмайды,
Моҳминнинг омири отти арьманда.

Арьманменен я отермен, отпеспен,
Олсем-де хорлықты умытып кетпеспен,
Бул азаптан мақсетиме жетпеспен,
Сонынг ушын оттим мнау арьманда.

Еримбет агамнан жалгыз ул қалды,
Солгын тартып бағ ишинде гул қалды,
Палек урды, путин дунья толғанды,
Сонынг ушын оттим бугин арьманда.

Бул дунья қурысын дарбадер етти,
Кимселерге жуда раҳбар етти,
Залым патша зулымлығын кобейтти,
Бул дуньядан оттим мнау арьманда.

Залымлардынг коз жасыны кормесин,
Буннан арман шалқып дауран сурмесин,
Кеингиге бундай азап бермесин,
Азап берсе тағы кетер арьманда.

Арьманлы адамнынг ренги жоқ болар,
Арьмансыз қунақлы ҳамьде шоқ болыр,
Базбреудинг еки кози оқ болыр,
Оғы тисе сорлы адамга арьманда.

Бул дуньяда раҳать кормесе,
Тенгибилен шалқып кулип журмесе,
Опасыз дуньяда дауран сурмесе,
Бул дуньядан отти, кетти арьманда.

Бул дунья барын базар айлейур,
Бирнеше бендеге парьман айлейур,
Бирнешелер шақақ урып сойлейур,
Тикарын билмесе бенде арьманда.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Арьман қайдан келер, қудайдан келмес,
На умит бенделер келгенин билмес,
Келсе-де бразлар ҳешбир индемес,
Индемесенг отер омиринг арьманда.

Омиринг отсе арьман билен дуньяда,
Суйегингиз қалар манзил қияда,
Индегеннен индемеген зияда,
Болмаса дуньядан оттинг арьманда.

Балаларым йығлады аллаға налып,
Бул яратқан юракиме дарть салып,
Пуқаралар бул азапган жол алып,
Кетпесе юририлер барьҳа арьманда.

Ойласанг жгитлер дунья аз емес,
Моҳминлерге аян берер саз емес,
Мен жазылып журер жерим жаз емес,
Сонынг ушын омирим отти арьманда.

Арьмансыз адам жоқ, патша болмаса,
Байлар, молла, қатқудалар болмаса,
Яки даулети асқан султан болмаса,
Арьманменен бул дуньядан отерсенг.

Арьманда отсем менинг созим қалырлар,
Кеингилер ақылымды алырлар,
Мен сорлыны корип дуға қлырлар,
Болмаса дуньядан оттим арьманда.

Арьманда дарьманда дарайы кби,
Омир отти қуйын кби, жел кби,
Арьманда отсенг Даулетьярбек кби,
Бул омиринг арьмандадур, арьманда,

Мақтымқулы мағриптей алдынгды болжа,
Саған олим дарькар, жоқдур ҳеш олжа,
Жиемурат, жане атынг Кунхожа,
Бул дуньядан отер болдынг арьманда.

— ❀ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖАРЫМАДЫМ

Бул дуньяға шыққалы мен
Қарным тойып жалшымадым,
Бул дуньяға шыққалы мен
Жалшымадым, жарымадым.

Дунья бенденинг ширкети,
Болмай истинг берекети,
Расулулланынг уммети,
Ҳасиретбилен жарымадым.

Созимди тынгланг халайық,
Усыма бизге ылайық,
Ортаға созди салайық,
Арьман билен жарымадым.

Бул дунья отер-кетер,
Отпесе бир наубет жетер,
Мендей болған арьманда отер,
Омир зинҳарь жарымадым.

Созимди жария айлесем,
Қур далада қайғы жесем,
Дин Хорезмди излесем,
Ашна тауып жарымадым.

Еттим сабыр ҳақ исине,
Унталдым азу тсине,
Залым моҳминнинг исине,
Озим олмей дарымадым.

Кунхожа боп атым кешти,
Дуньядан енгбегим еш-ти,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир жамь етсем ақлы-ҳушты,
Жалғаншыда жарымадым.

Бул дунья кейни бар-ма екен,
Яки буннан-да тар-ма екен,
Мендей бари аҳу-зар-ма екен,
Қутылар кун болармекен.

Дуньянынг таттым дузыны,
Душпан тынғламас созимни,
Думан қаплап жер жузини,
Жақтылыққа жарымадым.

Балаларым отыр жалангаш,
Қуйикпенен ағарды шаш,
Атамнан қалған жунь шанаш,
Шанашқа-да жарымадым.

Улкен асым тран шабақ,
Сап жеғеним жекен табақ,
Табалмадым басқа тамақ,
Бир жутымға жарымадым.

Қыппа жалангаш ангдай суйгеним,
Дуньядан сойтип куйгеним,
Болмады менинг деғеним,
Бир жутымға жарымадым.

Жетпей тапқаным жутымға,
Қамысты жақтым отынға,
Туесилмес бул ҳалыма,
Рауа болып жарымадым.

Мен озим ҳақтынг қулыман,
Дослардынг суйген улыман,
Ҳеш нарсе келмес қолымнан,
Келсе бир ис қлар едим.

Болмады сорлыда парық,
Аяғымда жаман шарық,
Астымдағы атым арық,
Коликке-де жарымадым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мен сорлынынг иши дартьти,
Не қлайын мен қудретти,
Биздейлерге салмас бетти,
Сонынг ушын жарымадым.

Жарымай дунья барына,
Бенденинг қарамай ҳалына,
Жане басқанынг малына
Талап етип жарымадым.

Созим патуасыз болды,
Сойтип ишим дартке толды,
Найсаплардынг дуры жолы,
Тутпаған сонг жарымадым.

Мақтамадым аталықты,
Сойтип еттим хаталықты,
Ол ҳамь етти жаманлықты,
Сол азаптан жарымадым.

Атым менинг халққа малим,
Сорлылықтан жетпес ҳалым,
Бул созим дуньяға малим,
Ақыретбилен жарымадым.

— ❁ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

## БЕРМАН ҚАРА

Алды-артына қарамаған,
Жонь-жосақты сорамаған,
Создинг басын қурамаған,
Исинг бунда берман қара.

Алдына қарап умтылған,
Бир нарсе корсе жутынған,
Онг қолын турип суғынған,
Жаллат кби берман қара.

Басына урса билмеген,
Айтқанды еске илмеген,
Бир куни ойнап-кулмеген,
Қайғы басқан берман қара.

Иркилип козин ашпаған,
Ақылын артық шашпаған,
Қанатын қағып ушпаған,
Ақылсыз сен берман қара.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## МЕНИНГ ҚУНИМ

Қарангғы кеш қайғыменен тунерген,
Туршигип ҳамь менинг кеулим елерген,
Менинг куним қарангғылық ҳамь-де тунь,
Ай, жулдыз-да нур саулесин бермеген.

Менинг куним жақтылығын кеширди,
Жлан сорып сау денемди исирди,
Жанып отқа денем менинг дағланып,
Қайнатып, жайратып ҳарь уақ псирди.

Қар ушқыны урип аспан жерлерге,
Зиянын тигизди ашық еллерге,
Қарангғылық қара думан жане тунь,
Ашық нурын тусирмейди бизлерге.

Мен бахытсыз куним қайда кетти екен,
Адастым ғой зарым қайда жетти екен,
Менинг зарым кунсизлердинг зарлары,
Кунинг нуры жетпей маған нетти екен?

— ❀ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

## НЕ БОЛДЫМ?

Шықтым дуньяға не кордим,
Жасап дуньяда не болдым?
Қайғы-қапада жер болдым,
Қсым болды шбын жанға.

Жасым жетти, исим питти,
Аз дауран басымнан отти,
Ғаррылық камалы жетти,
Енди бул уақта не болдым?

Қаранглар менинг жузиме,
Қапа жетисти озиме,
Қулақ қойынглар созиме,
Бурыннан сонгғы не болдым?

Тоным дземе жетпеди,
Жламай куним отпеди,
Ойлаған ойым питпеди,
Ҳазир қартайып не болдым?

Қозим тынды греуленип,
Ғаррылық ншаны енип,
Қабырғамды қайғы согип,
Қайғы қаплады не болдым?

Анадан жетим қалыппан,
Қангғырған жетим болыппан,
Аздырды мени коп душпан,
Хорлықта ҳазир не болдым?

Сақал-шашларым ағарды,
Ақша жузлерим сарғайды,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қол-аяғым садырайды,
Ойланынг ҳазир не болдым?

Мен олермен қайғыменен,
Тарлық жолдас болып сенменен,
Қуатлар кетти белимнен,
Қартайып ҳазир не болдым?

Бағларда журдим сайрадым,
Ҳарь нарселерди ойладым,
Қайғыда тисти қайрадым,
Ақыры халқым не болдым?

Жасым жетпей питти исим,
Нарсе қалмай тусти тсим,
Жоқшылықтан кетти есим,
Шғып дуньяға не болдым?

— ❀ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

## КОЗИМ

Йырақ дунья кормей болдым арьманда
Яшымнан греуки болдылар козим.
Аға беглер қайғы-ҳасрет заманда,
Қалай куп корермен досларым озим.

Менинг козим кормес, аурып барады,
Кун-кунпен жазылмай улгирип барады,
Кози жоқтынг билсенг бақты қара-ды,
Аға беглер тынгла кормейди козим.

Уай ағалар бу не заман ғаплет-дур,
Адамзатқа жаман қайғы-гулпат-дур,
Бирнешшеге ислер барьҳа мадет-дур,
Меҳнат шул ағалар кормейди козим.

Коз кормесе, исим онгалмас менинг,
Ығбалым жанар-ма ағалар менинг,
Айтқаным болмады онгалар менинг,
Қарангғы ғаплетте кормейди козим.

Коз кормес, мени ғаплетлер басты,
Откердим азаптан жетпис бес жасты,
Енди тек узамай олу мирасты,
Аға беглер жарық кормейди козим.

Палектинг гардиши урды озимни,
Озим соқыр ким тынглайды созимни,
Ақыр менинг солдырмағыл жузимни,
Заман зардабында кормейди козим.

Кормей козим мени ҳайран етип тур,
Ақлы-ҳушым йығлаумене кетип тур,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бирнешшелер басларыма жетип тур,
Сонынг зардабынан кормейди козим.

Мен озим ағалар, инилер тағы,
Адамнынг басынан кетпегей бағы,
Қозим соқырлықтан алалмай ҳақы,
Арьманда кетермен дуньядан озим.

Бул дунья озимни ҳайран етермен,
Бул ақырет туплериме жетер-ме,
Мендей болып бирнешелер отер-ме,
Ашылып жақты боп корер-ме козим.

Ай ағалар қаранғыда туншықтым,
Мен анадан туып саҳатсиз шықтым,
Тенгизде толқынсақ болубан ықтым,
Қормеди жақтыны ағалар козим.

— ❀ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚЕЛ-ҚЕЛ ХОЖА ОЗИНГЕ ҚЕЛ...[1])

Қел-кел Хожа озинге кел,
Намартписенг, бидартписенг,
Намарть болсанг жлап откил,
Сен-де елмисенг, журтпысанг?
Тулкимисенг, шағалмысанг,
Я гуртмысанг?
Гурт-та олмесин козлер
Шу гуртлығынг гуман керек.
Ағайын болсын, коп болсын,
Ағзы бирликли шоқ болсын...
Бир ғош йигит туса керек,
Омир жасы узақ болсын,
Ханға, бекке созь айтпаға
Шоқ қатере жузи болсын.
Шундақ ердинг арқасында
Бес-он аламан керек,
Заманынғ жоқ, заман керек,
Журтқа бир адил хан керек,
Сол дегеиим болмаған сонг
Болдым десенг ялған керек.
Ханнан ханнынг артықлыққа
Ханлыққа торть ншан керек,
Яман-да жоқ болмасын беглер
Яқшыға ҳамь яман керек...

---

[1] Қосық толық емес. (Б. И.).

— ❀ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚОЗИМ

Жарқырайсанг тунги жанғаи
Гауҳар алтын шрақтай,
Соннан келип журе алмайсанг,
Тунги ушқан тауықтай.

Қран болып қрынлайсанг
Ҳарь нарсени кормеге,
Анг алсам деп коп ойлайсанг,
Тобесинен бурмеге.

Ҳамь қарайсанг алыстағы
Киятырған қараға,
Жеркенбейсенг кеин басып тағы-да,
Шдай алмай қаны аққан жарага.

Қозим олай кормесликтен айықса,
Қорер едим шар тарепти жаҳанды,
Барлық денем кеселинен жазылса,
Айланар-ем қоймай шолып дуньяны.

— ❀ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

## КИМ БЛЕР?

Менинг ишим болды тутин,
Тутин екенин ким блер,
Бузылса-да хана путин,
Путин екенин ким блер?

Бул гапимнен жоқ хабарынг,
Ишкенлерим болды иринг,
Жегенлерим болды желим,
Оны сормаса ким блер?

Хожа шаир қожбанглайды,
Браз адам англамайды,
Айтқан созди тынгламайды,
Тынгламаганын ким блер?

Аспан блен жерди-кокти,
Мен сордынг зары гунгрентти,
Мне заман ҳайран етти,
Ҳайран екенимди ким блер?

Бу заман тағдып асып,
Басына баламат шашып,
Бир-бринс уласып,
Унь шыққанды ким блер?

Менинг дәртим ишке толды,
Толғанынан гулим солды,
Бир аламат заман болды,
Бул хорлықларды ким блер?

Мен озим йығлайман ҳаққа,
Не болдылар ығбал-баққа,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Масқара болып браз ҳалққа,
Азап-хорлықты ким блер?

Барар жерим болды алыс,
Ҳаққа еттим мен бир налыс,
Болсам-да сорлы жолбарыс,
Арыслан екенимди ким блер?

Шаир Хожа баслар созин,
Тарип еттирип озин,
Қайғылар сарғайтты жузин,
Сарғайтқанын ким блер?

Мақтымқулыдай алдынг болжа,
Алаалмадынг сен бир олжа,
Ауере болган Кунхожа,
Бул заманынгды ким блер?

— ❀ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚОРИНБЕС

Жерди, кокти қайғы-қасирет қаплады,
Бул думаннан менинг елим коринбес,
Мен етермен купи-туни аҳу-зар,
Қайғылықтан ата макан коринбес.

Даргаҳынгда йығлап нала етемен,
Хорлықтан мақсетке қалай жетемен,
Яр болмасанг арьманменен отермен,
Сонынг ушын алдағы ислер коринбес.

Қалайша мен сенинг қас бенденг болдым,
Уақытсыз ис ислеп мнекей солдым,
Коз жумып думанға белимди будым,
Коп журсем-де алыс еллер коринбес.

Корер козим, аҳу-зарым қайдасанг,
Барлығы-да талабымнынг ойдасанг,
Ашық болып, жайнап-жаснап тойласам,
Жайлау қайда, думаннан ел коринбес.

Адастым дарьяда кормеди козим,
Қапалы дуньяда сарғайды жузим,
Женгил табиятлырақ еди мнезим,
Бул заманда ата макан коринбес.

Думанда жарықты корермен барьҳа,
Шаир Хожа ҳарып-талма бел байла,
Олгенше ҳарыма созь айтып шағла,
Шағламасам енди исим коринбес.

Даргаҳынга сенинг я азиз апкар,
Бирубар болынглар бизге мадеткар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳақ жаратқан сеннен барлық утрарлар,
Брақ-та думаннан елим коринбес.

Адасып думаннан кетермен болдым,
Ялғаншы дуньядан отермен болдым,
Зуриятларымменен жетермен болдым,
Шағламасам шадлық заман коринбес.

Тлеймен халайық ескилерден мадет,
Бахыт берсенг мен айтарман раҳмет,
Корсет қудай, бар болсангыз карамат,
Сенде бир лайлисенг козге коринбес.

Сақалым ағарды, туспеди олжа,
Мақтымқулы мағриптей алдынгды болжа,
Жас жетип ауере болған Қунхожа,
Қозинг жумылғанша елинг коринбес

— ❀ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖАЗ КЕЛЕР-МЕ?

Дауыл болды ургин урди,
Қосымнынг қамысын турди,
Думан басты аспан-жерди,
Пуқараға жаз келер-ме?

Тамағым жоқ ишериме,
Колигим жоқ кошериме,
Тосегим жоқ тосериме,
Биз сорлыға жаз келер-ме?

Жанымды алдынг сран суық,
Зарпынан жарылды уық,
Омиринше хорлық кордик,
Пуқараға жаз келер-ме?

Журген жерим Айырша атау,
Аяғыма салды матау,
Қай уақытта тарқар татау,
Бул хорлықта жаз келер-ме?

Ағалар бул абести,
Қашан жинар адам ести,
Тенгизлер сенгге сресті,
Бул суықтан жаз келер-ме?

Тенгиз ащы, су-сорлық дуз,
Қостынг иши болыптур муз,
Еиг жаманы болып тур гуз,
Қыслар отип жаз келер-ме?

Арқам Тоқтас, суы теренг,
Адам бармас улкен озен,
Бир басымда ахырзаман,
Пуқараға жаз келер-ме?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жалайыр копир бойында,
Кун бермеген ҳал қиында,
Адамнынг усы уйинде,
Қыслар кетип жаз келер-ме?

Қара суық қысты елди,
Бултлар басып тенгиз колди,
Абдижамилдинғ уғлы олди,
Мен сорлыға жаз келер-ме?

Душпанды корғеним намыс,
Жаққаным толқынсақ қамыс,
Енди қалай кун қламыс,
Сорлыларға жаз келер-ме?

Аулда маллар қалмады,
Сран суық жалмады,
Сыр айтар уақ болмады,
Арасатта жаз келер-ме?

Асресе Қтай булди,
Қосыла қонғрат ҳамь булди,
Қрар болды суық елди,
Биз сорлыға жаз келер-ме?

Қзыл тлим болды айғақ,
Аяқ бассам бари тайғақ,
Коз салмайман екен қаяқ,
Биз сорлыға жаз келер-ме?

Косилип жатар уйим жоқ,
Ийинге тартар киим жоқ,
Тоқыған бизлерге буйым жоқ,
Мен сорлыға жаз келер-ме?

Жалғыз туысқан ағамнынғ,
Аққан дарьядай сағамнынг,
Окпе менен қолқамнынг,
Баласы ушын жаз келер-ме?

Бул жалғаншы дунья қайда,
Таба алмадық излеп пайда,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Болды азап барьҳа уйде,
Шықпай отыр гез келер-ме.

Қаранглар ҳаслы затыма,
Парьят еткен, бул дадыма,
Жудеген бул елатыма
Ақыр болды кун келер-ме?

— ❁ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

## КЕРЕК МАҒАН

Ашылған гул ғомшаланған,
Ишинде булбил сайраған,
Қунлердинг нуры жайнаған,
Жақты дунья керек маған.

Муиарланған асбар-асбар,
Қзыл нуры келбетли саз,
Бауыры путин қуба наз,
Сауер ушын керек маған.

Дурь-дурь силкинип ойнаған,
Ҳарь нарселерди ойлаған,
Кун сайын осип жайнаған,
Жанга оспирим керек маған.

Қатара аслан халқ ел,
Жағалатып ҳамь шапқан шел,
Мойыны қулаш қыпша бел,
Сую ушын керек маған.

Қекил жаллы, қайшы қулақ,
Сауырысы искен талақ,
Шаршамастай полат туяқ,
Даль бедеулер керек маған.

Тумағасы зерли гумис,
Бағ ишинде турли жемис,
Ҳеш жеринде болмай кемис,
Журген қуслар керек маған.

Шыққан шарықлап аспанға,
Урған тайынбай душпанға,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ишин толтырып пушпанға,
Марть ғайратлар керек маған.

Душпанға жайын айтпаған,
Яр-досларын мунгайтпаған,
Қорқып ҳеш жерде қайтпаған,
Ғайратлылар керек маған.

Майрылмай ҳешбир туяқтан,
Тери тогилип қулақтан,
Озып келген ҳарь байрақтан,
Даль бедеулер керек маған.

Отирик созлер айтпаған,
Озин-ози уялтпаған,
Дос баласын жлатпаған,
Адил ерлер керек маған.

Саясын салған пуқараға,
Сулар жеткерген тақырға,
Ақсақ майып ҳамь соқырға,
Қайыр еткен керек маган.

Беллерин беккем байлаған,
Ат шауып жаудан қорғаған,
Ҳалқтынг ғамын ойлаған
Ҳасыл батыр керек маған.

— ❀ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЗАМАН

Қарап турсанг бул заманға,
Сондай жайсыз шбын жанға,
Жылға-сайлар толды қанға,
Алеумет бул қандай заман?

Жлаған коп, оксиген коп,
Ҳамь ашлықтан ит етин жеп,
Бир жутымға етеди еп,
Қайғы қамал болды заман.

Жетим қатын, жетим уллар,
Тентирсп ботадай бозлар,
Шабаққа сатылды қызлар,
Ҳасрет-қайғы болды заман.

Халқ посып маканынан,
Ҳамь айрылып жананынап,
Табалмай излеп шерек нан,
Қайғы қырғын болды заман.

Малы бар ҳеш нарсе емес,
Оларға малсыз тенг емес,
Алсақ бул уақ кун емес,
Қара тунек болды заман.

Ата баладан айрылып,
Қанат-қуйрықтан майрылып,
Тамақ табаалмай сарылып,
Журген қайғы болды заман.

Бала-шағалар жалангаш,
Пулсыз, тағы қарны аш,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көзинен ағып қанлы яш,
Қияметлик болды заман.

Егинлерди суық урды,
Ерте бастан су қурыды,
Кимлер асып кетти қырды,
Қиянкести болды заман.

Көз көр болды жлай-жлай,
Су ақпады, жаплар ылай,
Ем-дәри болды басалай,
Аш-аптада болды заман.

Аштан өлгенлер көп болды,
Өликке жылға топ болды,
Ашлыққа ауру жуп болды,
Қиянкести болды заман.

— ❀ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

## Жетимнинг ҳақын жеп қойма

Муҳмин бенде жетим ҳақтынг қулыдур,
Жетим ҳақын наинсаплар жеп қойма,
Турышылық ҳақ безирген жолыдур,
Жетимлердинг ҳақларын жеп қойма.

Жеме ҳақын адамлардынг ҳешқашан,
Отерсенг дуньядан жесенг би ншан,
Ғарип-қасер, маҳмин пуқара инсан,
Жетимлердинг ҳақыларын жеп қойма.

Шаирлардынг едим озим сарьдары,
Расулилла суйген умметтинг бри,
Ауырса-да шукир етер ҳарь жери,
Жетимлердинг ҳақыларын жеп қойма.

Жетим ҳақы қарызлардан жаман-ды,
Ҳақы жемегеннинг басы аман-ды,
Егер берсе бендесине заманды,
Ели шалқыр омирине кунменен

Уайымсыз ас ишсенг суйегинг балқыр,
Ҳасыл ас ишпесенг суда шопь қалқыр,
Бразлар жетимнинг ҳақын жеп шалқыр,
Сен онынгдай жетим ҳақын жеп қойма.

Жетим деген ғарип болар билсенгиз,
Ақша жузь сарғаяр оған кулсенгиз,
Бул гапимди менинг жалған десенгиз,
Бир басқа бир олим жақын, жеп қойма,

Бул заман тарылды маканы болмас,
Залымлар ғариптинг ақлыны алмас,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бағдынг гуллери солар я солмас,
Солады деп жетим ҳақын жеп қойма.

Аллаға жларман етип налысты,
Озлерин блермен жақсы ҳалыны,
Дузетермен душпанменен шабысты,
Бир басқа бир олим бар-ды, жеп қойма.

Мақтымқулы мағриптей алдынгды болжа,
Қысқарт созди енди саған жоқ, олжа,
Бул заманда ауере болма Кунхожа,
Сенде сойтип жетим ҳақын жеп қойма.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## СОҚ САНАР

Бармағынгды бугесенг,
Адамды жонсиз согесенг,
Бермести жаман коресенг,
Қара берман сок санарым.

Сокти санайсанг бреулеп,
Қозингнинг алды греулеп,
Қудай мал берди сурулеп,
Усы пығлынг турса сенинг.

Сонша малынг бар қорада,
Туйенг жайылар сахрада,
Коп данинг жатыр урада,
Бир қадақ дань ҳеш бермединг.

Қарыз сорап келдим саған,
Не исинг бар дединг маған,
Антлар иштинг сойлеп жалған,
Ақыры жоқ боларсанг сен.

Хатынынгнынг аты Анар,
Ол бишара копти аяр,
Ҳарамы ҳаслынг сок санар,
Буйырмас бул жиған малынг.

Анау қойынг орис-орис,
Сиырынг журь грес-грес,
Туйе деген ол бир ырыс,
Ҳаммеси буйырмас саган.

Анау атларынг уйирде,
Қос огизлеринг егинде,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жлайсанг ылақ олгенде,
Пейилинг тар екен сенинг.

Қозингди аш қара маған,
Бир насият жаман саған,
Мась болма малым бар деп оған,
Шарапатлы ислер исле.

Азирейли жанынгды алар,
Алқымынгды кеспей сояр,
Жиғанынг артынгда қалар,
Бул пығлынгнан сок санар.

— ❀ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТОЙДА

Кокмар шабылды той болды,
Катқудаларға сый болды,
Жуери гоже мол болды,
Бламық қалмаған екен.

Келинти болыс-ақсақал,
Оларга сойды коп мал,
Бламықпенен 'бзинг ҳал,
Сол кун ақшам откен екен.

Бламық писти қазанда,
Қуйып берер азанда,
Тоймай Қулымбет жазған-да,
Бир балени тапқан екен.

Бламыққа аузы куйип,
Енгкейгенде мурны тиип,
Ашуланып қабақ уйип,
Бир ойқанды салған екен.

Қолына алып табақты,
Токти берген бламықты,
Келгенлерди урып жықты,
Қиянкести болып қалды.

Қонақ деп бизди кутпеди,
Онглъы хызмет етпеди,
Бламық еркин жетпеди,
Жарманы аз салған екен.

Ладан екен Қулман байынг,
Жер толеден болды жайынг,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Болыс десе бари тайын,
Басқа сыртта қала берди.

Бизлер келдик тойханаға,
Жарма берди қонақларға,
Налет-налет Қулман байға,
Бир кормеген ҳаммелерди.

— ❀ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

## БАРААЛМАС

Туссе жумыс наданларға
Дарьман кеткенше бараалмас,
Неге барсын ер оларға,
Сораған мутажын алаалмас.

Алла' қара урса бетке,
Ишинг толар корсенг дартке,
Биҳасыл туған жгитке
Адамлар шдап бараалмас.

Шаир халқтынг созин айтар,
Надан болса иси қайтар,
Жақсы болсалар молайтар,
Жаманға адам бараалмас.

Шаир айтар шағлағанын,
Шағламаса дағлағанын,
Аямаса досына жанын,
Душпанға срын айтаалмас.

Намарттинг белгиси коп-ти,
Қорсенглер шайтанлық етти,
Бурынғылар барма депти,
Сонлықтан адам бараалмас.

Дуньянынг малын алса-да,
Ғайратты ози салса-да,
Даулети асқан бай болса-да,
Ҳақыны надан береалмас.

Шаирлар тарип етип журь,
Ақыл-ҳушым кетип журь,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул дунья ҳайран етип тур,
Тлегим менинг болаалмас.

Болса ойлаған тлегим,
Жарылар еди журегим,
Айтсам бузылар кеуилим,
Ойлаганым ойда болмас.

Мақтымқулыдай алдынг болжа,
Алаалмай дуньядан олжа,
Соры қайнаған Кунхожа,
Айтқан созинг қалып болмас.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚИМ ЕДИНГ?

Мурнынгды котерип тыррнып тойда,
Бек болгандай бурын сорлы ким единг,
Олар қалды-ма екен мереке-тойда,
Сорлы Хожа сор тубингнен ким единг?

Адам тураалмастай сенинг дастингде,
Киерингe кимминг жоқ устингде,
Бар-ма сенинг откен кунинг есингде,
Сорлы Жиемурат бурын ким единг?

Салем берсе бреу салем алмастай,
Прингнинг созине қулақ салмастай,
Душпанынгнынг срын айра қылмастай,
Ладан шаир сенинг озинг ким единг?

Қыз-келиншек саған мират еткенде,
Айра тусип елатынгнан кеткенде,
Қыншақлардынг елатына жеткенде,
Мурнынгды гиржитип озинг ким единг?

Адам тураалмастай озинг дастингде,
Иленбеген тери геунш-масинг-де,
Киеринге киимминг жоқ устингде,
Ладан Хожа сенинг озинг ким единг?

Сен ойлағын ғамын шекпе ҳардайым,
Тлегимди қабыл еткей қудайым,
Илаҳнда ашқыл ығбал-талайым,
Ығбалынг ашпаса озинг ким единг?

Бреу созин англап сынлар тағасанг,
Коргенлердинг ауызларын бағасанг,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жоқлықтан адамға қалай жағасанг,
Ойлан шаир сенинг озинг ким единг?

Шаирлар шарқ урар корип заманды,
Айтар олгенинше жақсы, жаманды,
Жақласангыз ақыл сарьдар маманды,
Ойлан шаир сенинг озинг ким единг?

Алланынг атына зикир етинглер,
Қашса душпан кейнине жетинглер,
Ойланып дарбенттен аман отинглер,
Ойлан шаир сенинг озинг ким единг?

Алла раҳим еткей муҳмин бендеге,
Муҳмин қулдынг дарти толар кеулге,
Қуда раҳим айлегей ақыры тилге,
Ойлан шаир сенинг озинг ким единг?

Киим таппай Турымбайдынг тойында,
Уллы қзық той-тамаша ойында,
Жуман ауылынынг қаптал бойында,
Бараалмадым тойға, озинг ким единг?

Сен ойлағыл ҳақнынг берген ғанимин,
Билмединг бендеге еткен раҳимин,
Қудретблен бина аспану-замин,
Ойлан шаир сенинг озинг ким единг?

Шаир Хожа ойлан ҳақтынг исине,
Ярма сындырарлар саумес тсини,
Дос тутпанглар негизи бузық ксини,
Ойлан Кунхожа сен озинг ким единг?

Кеулимде толы арьмән, крим бар,
Дарть устине дартим таудан биик бар,
Бир аллаға кеше-кундиз еттим зар,
Алла ози қолламаса ким единг?

Мен баян айледим табаалмай олжа,
Мақтымқулы мағринтей алдынгды болжа,
Қысқарт созди коп сойлеме Кунхожа,
Бурын ойлан сенинг озинг ким единг?

— ❀ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚОБЫЗ

Жрау сени қолға алып,
Турли-турли жолға салып,
Ҳарь иамангды ойға алып,
Бул қосықты айттым қобыз.

Қулағыиг сенинг шыйрылған,
Шанақта теринг жыйрылған,
Таққан тар қлынг айрылған,
Ғангқылдайды барьҳа қобыз.

Адамға менгзес иегинг,
Халқты жубату тлегинг,
Жаман қабақтан тиегинг,
Ғангқылдайды барьҳа қобыз.

Қызлар қарайды сонгынга,
Ҳарьким ҳауес дауысынга,
Келер ҳамме жан қасынга,
Жыр тогесенг барьҳа қобыз.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ОЛГЕН БАЛЫҚ

Қалашынан порсыған,
Кол жиегинде сасыған,
Окпесин дартлер осыған,
Мна жатқан олген балық.

Ауға тусипти бишара,
Жанына табаалмай ара,
Окпесин осыпты жара,
Арьманменен олген балық.

Отип бастан жаслық шағы,
Бул басынан тайып бағы,
Қурап қапты қабыршағы,
Порсыпатыр олген балық.

Мийи кетип шекесинен,
Жатқан екен журесинен,
Шаншқы тийип желкесинен,
Олген екен усы балық.

— ❀ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

## АРБА

Огиздииг мойнын талдырған,
Ырғатылып жолды жырған,
Атақлы уста балта урған,
Комешлеринг сның арба.

Бергенегинг беркинбеген,
Дгершегинг диркилдеген,
Огиз жексе зорға журген,
Арысынг-да жаман арба.

Огиз қоспай айланбайсанг,
Ойланып ҳамь уялмайсанг,
Май жақпаса уай-уайлайсанг,
Қлығынг-да жаман арба.

Тарбиып жерди аласанг,
Озинг блип қозғалмайсанг,
Сынсанг ол жолда қаласанг.
Ҳаслынг ағаш сенинг арба.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАРА ТАС

Жаныса пшақ отеди,
Қры-қрына жетеди,
Алмас болып ҳамь кетеди,
Қайырынг усы қара тас.

Мунарланып тауда турсанг,
Томенге қарап қуласанг,
Адамнынг басын жуласанг,
Қайырынг-да аз қара тас.

Намакештинг салған ани,
Усылардан шғар мани,
Биик таудынг сендур сани,
Қабағын уйген қара тас.

Куш керек сени жықпаға,
Биик таудан қулатпаға,
Қараз дийирман соқпаға,
Қайым дарпитсенг қара тас.

— ❀ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

## УШҚАН ҚУС

Ҳауада талпынып қанатын қаққан,
Ишине алемнинг отларын жаққан,
Бултпенен бир журип томенғе сарыққан,
Қанатлы қалбығай ҳамде ушқан қус.

Шангқылдап узақтан дауысы шыққан,
Талпынып қанатын қағады шаққан,
Мойнына ҳасылдан ҳайкелин таққан,
Қанатлы қранлар ҳамде ушқан қус.

Талпынып қалпенинг қолында турмай,
Отырар туғырда мойнын бурмай,
Шғар қоян қуып қияға бурмай,
Қанатлы қаршыға ҳамде ушқан қус.

Тумсығы иймейген, тослери тарғыл,
Туйғынлар туйана турысы ақыл,
Коргенин алады дегени мақул,
Алыстан арылып келур ушқан қус.

— ❀ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

## АҚ ҚАМЫС

Жапырағынг сарғышланып
Кoринеди козиме,
Қайғыменен коп қиланып,
Уйғараман озиме.

Бойынг узын тауланады ҳарь дайым,
Сонынг ушын узбей қарап отемен,
Саған-дағы еткен буны қудайым,
Оны озим бурыннан-ақ блемен.

Жапрағынг жасыл емес,
Сарғайыпты ҳаммеси,
Бойларынг-да биртенг емес,
Қаплап қайғылардынг немеси.

Коп шоллепсенг, су ишинде,
Батып-иумип турсанг-да,
Қалтырайсанг жел песинде,
Сонша тамыр урсанг-да.

Тамырынгнынг пайдасы аз,
Беркиспеген ылайға,
Тоқсан тусип болмады жаз,
Биз не қылдық қудайға?

Ескен шамал сени қозғап,
Қайыстырды белингди,
Ушырады ер жетпестен,
Ғумшаланған гулингди.

Қарап турсам
Сарғаймаған жеринг жоқ,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ислерингди ойға алсам,
Жақтыға шғар сра кунинг жоқ.

Қара берман қамыс сен-де,
Бундай болып қурама,
Сендей болып турман мен-де,
Кок тайғақтынг устинде.

— ❀ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

## САЗАН АУ

Салдым сени колге апарып,
Тусер-ме деп сазанлар,
Табанымды тас қопарып,
Қайнар-ма деп қазанлар.

Қарап корсем бугин барып,
Сазан туе шабақта жоқ,
Қара суды келдим жарып,
Емес менинг қарным тоқ.

Сени салып қара суға,
Ҳешбир пайда таппадым,
Оқты атып ушқан қусқа,
Тосликлерин жаппадым.

Арьманым коп кеуилимде,
Сазан балық туспеди,
Қайыстырды қайғы мени,
Ҳешбир исим онбеди.

Не болғаны талабыма,
Қыр шғады удайы,
Жалғыз балық болмаса-да,
Мен айтпайман қудайы.

Қайығым жоқ, жекен салда
Таянаман таяуды,
Басқа нарсе жоқ ғой қолда,
Салмасам-да аяуды.

Бзинг талап келиспеди,
Қанша ғайрат салсам-да,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Илгерилеп ис онбеди,
Иске тақа турсам-да,

Ақыры бир бзинг талап келисер,
Сазан ауым қала ғойса артымда.
Иретинде жасықларым тас кесер
Сол уақытта гауҳар жанар алдымда.

Мен олермен, созим қалар кейнимде,
Созим журер нешелердинг тлинде,
Сазан ауым қалса артымда ширимей,
Гулленеди гул бақшанынг гулинде.

— ❀ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАЗЫНЫНГ ИТИ[1])

Қазым ҳақ сақласын коз бенен тилден,
Таҳажип шул иттинг алты аяғы бар,
Аны ҳаслы атыш бизбишаргелден,
Неще қулағы бар, шань-дойнағы бар .

Мисли адам кби козде жасы бар,
Кунде-кунде қанту-набат ашы бар,
Коктен ушқан қусқа дарталашы бар,
Мисли ануар герданында оқы бар.

Ҳаслын сорасанг Иран, Туранның сағы,
Рузимда, Қайсарда жоқ буның ҳеш тенги,
Сенде коймас журттынг инаку-беги,
Садеп данданы бар, куп додағы бар.

---

[1]) Бир қазы гирендесименен киятырса алдынан Кунхожа шығады. Киятырған қазынынг пзинде жекен аркан таққан, усти жабуланған бир копек ити-де бар. Ол қазы алдынан шыққан Кунхожаға:

— Мусылманлық неще испенен дурыс болады? — деп сорау қояды.

—Мусылманлық ушь испенен дурыс болады,—дейди Кунхожа.

Сонда қазы: «бес испенен дурыс болады» деп Кунхожаны жазаламакшы болғанда, Кунхожа:

— Тақсыр, бес истинг тортиншиси малдан, бастан зақат беру дегени маған тинсли емес, озим камбағалман, ал бесиншиси Кабаға бару, бул-да маған тиисли емес, маган Кабаға бару туе, уйге зордан барып журмен, сонлықтан усы екеуинен басқасын орынлаған адам мусылман болады, — дейди... Усы себептен қазы тарепинен Кунхожаға тоғыз дуре соғуға буйырады. Қазынынг қасындағы гирендеси бунынг надурыс екенин бледи ҳамь қазыдан соранады. Қазы Кунхожаға: «қане онда бизлерге бирнарсе спатлап жазып берсенгиз» дейди. Кунхожа «қайсынгды спатлайын? деп сорайды. Қазы: «Қасымдағы копекти спатлап бер» дейди, бул қосық Кунхожанынг сондағы айтқаны.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қазым бул итингди итдек корменгиз,
Баҳасына жузни бер, елу берменгиз,
Кунхожа айтар қашар-ғапыл журменгиз,
Буннан артық қайсы иттинг шаҳы бар.

*
* *

Усы жерде қызбағаным,[1])
Сақалымнынг актығы,
Жгирма бестинг жоқтығы,
Қартайғаным кимге дари болыпты.
Ҳасылын озинг алған сонг,
Кимге дари болыпты
Шернияздынг боқтығы,
Жгирма бестинг жоқтығы.

Сен қарақалпақ, қазақ болғанда,
Кетпенлеп егин еккенде,
Кетпенлеп еккен eғининг,
Туйе бойы питкенде,
Ортада ағауз қалғанда...[2])

Сонда кунхожа: бул мерекеге байрақ емес дейди ҳамь усы қосықты айтады.

---

[1]) Кунхожа қазақтынг белгили шаиры Шерниязбенен таныс болған. Бир мерекеде олар екеуи отырады. Шернияз жасы кши болған. Кунхожа Шерниязға «мерекени сауып кел» деген. Сонда Шернияз:

Тон анердим сырлыдан,
Шапан жаптым пуллыдан,
Есигинге байладым
Еки телпек бир құнан дейди.

[2]) Қосық толық туринде табылмады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## АЛЛИЯР ТАҚСЫР ХАНЫМЫЗ...

Аллияр тақсыр ханымыз,
Алдынга келди қарашынг,
Арызды қабыл алынгыз,
Бзинг елде Нурбай бар.

Нурбайдынг журген жеринде,
Жлау менен ойбай бар,
Толеген деген жорға бар,
Шонгмурын деген молла бар.

Атына жем салуға
Алтыннан қылған дорба бар.
Кели туби деп алады,
Кеусеним деп алады...[1]).

---

[1]) Қосық толық туринде табылмады. Экспедициянынг мағлуматларына қараганда бул қосықты Кунхожа қазақ жарлыларынынг арзасын айтып ханга барганда шығарган (И. Б.).

— ❋ —



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Әақу блен қабасан,
Гулли ашамайлыға ағасанг,
Бу созимнинг манисине
Бреуинг ат мингизип,
Бреуинг тон жабасанг.
Ханнынг қзын қалемей,
Бийдинг қзын менсинбей,
Қазы тоғыз бедирек,
Сен бреуден табасанг.
Бабанг сенинг Жадикти,
Туби онынг қадикти...[1])

---

[1]) Қосық толық емес.

www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Сен хожамсанг, мен қулынгман,
Қул деганше ози жоқ,
Алларабил нашарынг бар,
Иларага кози жоқ.

Сол нашарга коз бермесенг,
Дуньянынг маган ҳази жоқ,
Қайтқыл десенг қайтып жола миндим.
Ҳазирети Хожақмет Яссауи...

— ❃ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

* *
*

Шашу-сақалынг сап-сары,
Козлеринг перузадек, жузик козиндей,
ҳамь аяғынг қып-қзыл,
Қумбызға пискен гузедей...[1])

---

[1]) Қосық толық емес. Экспедициянынг мағлуматлары бойынша бул қосықты Кунхожаны хан шақыртып «менинг он еки мушемди мақта» дегенде айтқан. (И. Б.).

www.ziyouz.com kutubxonasi

* *
*

Ақ Мамытым ҳақ бер десе қайтып бер,[1])
Мен нешик берсем ҳамь сен-де сойтип бер,
Ақ Мамытты малы-мулкли етип бер...
Ауелҳа тусимде еки дурь бердинг,
Еки дурьдинг брин алдынг брин бер.

Аулиеге мен бардым Ҳаким атаға,
Ол-да мендей кеткен жоқ-па хатага,
Жаз болса саям, қыста панам жоқ,
Астымда атым жоқ, устимде тоным,
Еру-еслн қаранынг халқа тонын бер.

---

[1]) Бул қосық толық емес. Экспедициянынг материаллары бойынша Мамыт деген шаирдынг баласы болса керек, қосық-та сол баласы олгенде шгарылган. (И. Б.).

— ❀ —

www.ziyouz.com kutubxonasi

# МАЗМУНЫ


| | Бети |
|---|---|
| Қарақалпақ классик поэзиясынынг огада корнекли уакили | 3 |
| Жайлауым | 31 |
| Олим | 34 |
| Ойда | 41 |
| Қашан корермен | 43 |
| Болар-ма екен? | 44 |
| Кун қайда? | 46 |
| Ярым хош енди | 48 |
| Қайтып кел | 50 |
| Шағалалы колдей шалқымай | 51 |
| Айдос би кешти алемнен | 52 |
| Бишара кеулим қыл талап | 53 |
| Қзыл қум | 54 |
| Шопанлар | 55 |
| Жгирма бесте | 57 |
| Ешким бар | 60 |
| Изимбет | 62 |
| Жау торғай | 63 |
| Азулы | 65 |
| Донгыз қабақ | 66 |
| Шалықлап мақсетли жерге бара алмай | 67 |
| Суга кетти | 69 |
| Меннинг балам | 71 |
| Балам олгенде | 73 |
| Бай баласы | 75 |
| Қореосенг | 77 |
| Сергиздан | 78 |
| Малым барда | 79 |
| Келип | 81 |
| Умытпаспан | 83 |
| Туйе екенсенг | 87 |
| Орақшылар | 90 |
| Елменен | 92 |
| Неге керек | 95 |
| Басты хор айлер | 97 |
| Арьманда | 99 |
| Жарымадым | 102 |
| Берман қара | 105 |




www.ziyouz.com kutubxonasi

Менинг куним . . . . . . . . . . 106
Не болдым . . . . . . . . . . 107
Қозим . . . . . . . . . . . 109
Қел-кел Хожа озинге кел . . . . . . . 111
Қозим . . . . . . . . . . . 112
Қим блер . . . . . . . . . . 113
Қоринбес . . . . . . . . . . 115
Жаз келерме? . . . . . . . . . 1 7
Керек маған . . . . . . . . . 120
✓Заман . . . . . . . . . . . 122
Жетимнинг ҳақын жеп қойма . . . . . . . 124
Сок санар . . . . . . . . . . 126
Тойда . . . . . . . . . . . 128
Бара алмас . . . . . . . . . 130
Қим единг? . . . . . . . . . . 132
Қобыз . . . . . . . . . . . 131
Олген балық . . . . . . . . . 135
Арба . . . . . . . . . . . 136
Қара тас . . . . . . . . . . 137
Ушқан қус . . . . . . . . . 138
Ақ қамыс . . . . . . . . . . 139
Сазан ау . . . . . . . . . . 141
Қазынынг ийти . . . . . . . . . 143
Усы жерде қызбағаным . . . . . . . . 144
Аллияр тақсыр ханымыз . . . . . . . 145
Сақу блен қабасан . . . . . . . . 147
Сен Хожамсанг, мен қулынгман . . . . . . 148
Шашу-сақалынг сап-сары . . . . . . . 148
Ақ мамытым ҳақ бер десе қайтып бер . . . . . 149

www.ziyouz.com kutubxonasi

*На каракалпакском языке*

# КУНХОЖА ИБРАЙЫМ УЛЫ

# СТИХИ

* * *

**Редактор** *Т. Пажимов*
Муқабанынг художниги А. *Еримбетов*
Художестволық редактор *Қ. Бердимуратов*
Техредактор *Н. Сагитов*
Корректор *Б. Қалимбетов*

* * *

**Теруге берилген уақты** 18/XI—1959 ж. **Басуға руқсат етилген** уақты 6/I-1960-ж. РК 31505. Қағаз форматы $84 \times 108\ ^1/_{32}$. Колеми 9,5 баспа табақ. 7,79 шартли баспа табақ. 9,0 есап баспа табақ. Тиражы 3000. Баҳасы 5 м. Мукабасы 1 м. 50 т.

ҚАРАҚАЛПАҚ МАМЛЕКЕТ БАСПАСЫ
Нокис қаласы, Карл Маркс кошеси, № 3,

* * *

ҚҚАССР МАДЕНИЯТ МИНИСТРЛИГИ
Нокис Полиграфкомбинаты· Заказ № 249

www.ziyouz.com kutubxonasi